تزويد لصغار

الى جنان الله في الأنهار

في التوحيد - والفقه - والتصوف

كركاتها للضم

للشيخ الخديم

نفعنا الله ببركاته آمين

جمع على نفقة الحاج محمد الحبر المجيد الحوب

تلميذ سرج مور بنى سيس جاريم

بمراجعة وتصحيح عبد الرحمن

عبد القدوس مبلي

عروة الصحار
إلى جناب الله ذي الأنوار
في التوجيه - والوفد - والتصوف
كراستها للضيف
للشيخ أحمد الفديم
كان له بكرمه الباقي الفديم
طبع على نفقة المريد محمد خير المجيد لحوت
تلميذ سرج المورتي سيس جاريم
بمراجعة وتصحيح عبد الرحمن
عبد القدوس مبلي

Ahouzou mangui mouslou billaahi si yalla minachaytaani si chaytaané arrahiimi kadi kougne diame. Mangui wêrou, di laakhatou si sounou borom nguir mou moussal ma si chaytaané mingua khamné sorina yeurmandé yalla té niou dakheu ko walisse yeurmandéy yalla

Wa inniyya naka mane ouhiizouhaa danako mousloul bika si yaw yalla wazour riyatahaa aki seutam mina chaytaani si chaytaané arradjiimi kadi kougne diame rabbi yaw sama

borom ahouzou danaa mouslou bika si yaw mine hamazaati chayaatiini si diakhe diakhali chaytaané wa ahouzou té danaa mouslou bika si yaw rabbi sama borom ane yakhedourouni boumou ma têwé



Bismillaahi si toudou tourou yalla laay tambalê samay wakhe ak samay dieuf arrahmaani kadi adji yeuram mépou mbindêf si adouna arrahiimi kadi adji yeuram dioulit bako soob sa alaakhiraa



Yakhoulou dana wakhe mane kanga khamné layssa yazaalou massouta dagne yahmadou di sante maalikahou adji moomam al habdou diaam al khadiimou baye adji liguêyal yonênteu bi.

Alhamdou mboolême khêti thiante yi lillaahi adji sakhe la niêl yalla alazii yalla manga khamné ahssanaa rafétal na lii niêl ma ihssaanamane rafétalouk kanga khamné layssa yazaalou massouta dagne mouhssinaa di adji rafétal. Mouné mangui sante yalla manga khamné mboolême khêti thiante yi adji sakhe lane niêl ko, mouy rafétal dieumé si mane wakhetou wouné té mouy koo khamné moussouta dagne di rafétal

Ahmadou danaa ko sante wadiaada té mbir mome tabé na bi tawhiidi si tawhiide wa akhawayhi ak niaari mboki tawhiide yi sounatil wahiidi mooy sounnas adji wêtouw mélo wa. Mouné mangui sante yalla si tawhiide djii mou ma défal ak niaari mbokam yi, mouy fikheu ak tassawouf, yi nga khamné mo doonoon sounas sounou yonênteu binga khamné kêneu la si ay mélokaan you bakhe

Choumma salaatou topou diouli wassalaamou ak seulmal sarmadane boudi adji sakhe halaa khaliilihii yalna nêkeu sa kharitam ba al habiibi kay sopé ba ahmadaa ahmadou. Salaatou wa salaam yalna nêkeu sa kharitam banga khamné modoon ab sopême té mooy

Mouhamad PSL



Wa aalihii ak nioniam mahassihaabi andak sahaaba ya al mouminiine niadi wayy gueume al mouslimiine niadi wayy dieboulou al kouramaa ou niadi wayy têdeu al mouhssiniine niadi wayy rafétal

Hazaa yégal né wazaa lii nazame touhou weuy naako moukhadamatoune mbir mou mouy lounou djiital ourdiou zatane mbir mou moudib radiasse naafihatane mbir mou mouy adji diarigne moukaramah mbir mou mouy lounou téral



Sammaytouhou toudê naako tazaw woudou chikhaari yoboulouk ndaw gni ilaa djinaa nillaahi dieumé si adianay yalla dia zil anehaari diadi boroomi dékhe

Wa as alou danaa niaane allaahou yalla rabbi kayy sama borom al khaboulaa nangou gui wal amena ak waulou gui wassafaa a ak sêleu gui wa tabedjiilaa ak magal gui



Wakawnou hazan nazemi ak nêkouk guilé weuy khaa idane mbir mou mouy adji woomaté ilaa sabiilihi dieume si yoonam wa al akhewami wa gueuna dioub koulla mane képou koo khamna talaa diangue na weuy wii

té dieufé linou si wakhé

Wa kawnouhou ak nékam sahaadatas sibyaani di tékhêk ndaw gni was chiibi ak borom bidiaaw yi wa choubbaani ak wakhambaané yi wa niswaani ak djiguéne gni

Hazaa lii awaanou linessiraa fi mooy diamonooy sopikou gui lil maraami dieume si saakoutêf li wa wadjehou rabbii si dieumi sama borom haradii mooy sama khêmémetêf bilane siraami si loudoul dokk

Moukhafdamatoune lii lounou djiital la

Yaa ayyouhaa sibeyaanou yêne ndaw gni laa tachetahilou boulêne sokhelawoo hanil houdaa walisse ak ndioube wachetahilou ta nguéne sokhelawoo bil houloumi siy kham kham. Yêne ndaw gni sounguêne beuguê diariniou, boulêne yitéwoo loudoul ndioube ak kham kham bou ame ndiarigne

Fachetahilou na nguéne sokhelawoo bil hifezi sik mookal wattilaawah té diko nafar wadje tanibou nanguêni watandikou madiaalissa chakhaawah diotaayou tékhêdi yi. Na nguéne di yitéwoo mookal tay nafaraat linguêne wêssou woon tay moytou diotaayou way tékhêdi yi



Walaazimou nanguêne takhook mane kanga khamné layaazaalou dêtt mouy dagne

haabidaa di adji diaamou lirabbihii niêl boromam khaa idaa koudi adji woomaté ilaa houdaa dieum si ndioubam ga. Nangêni takhook koo khamné dou dagne di diaamou yalla nguir mou womatt lêne dieumé si ndioubam ga

Fa kouloumane képou koo khamné baadara gaawé na wakheta chikhaari si wakhetouk ndawam ilal houdaa dieum sik ndioube istaraaha mou nopoulou wakhetal kibari si wakhetouk makk. Képou koo khamné bingay khalél gaawantou nga diaar si yoonou ndioube, boo démê ba nêkeu makk dinga nopoulou



Wamanetadaara lazii kou dabaatal alazii langa khamné khade faataa faatoon na minal lakhaa si ay nêne wahammara té mou doundal al awkhaata wakhetou ya

Bitawbati sik toube annassouhi badi adji sêleu wal ikhebaali akouk dioublou ilal ilaahi dieum si bour ba faaza mou tékhé bil kamaali si matt ga. Koo khamné amna loumou sankeu si ay nêne si limou wêssou, bou dioguê dieum si toube gou sêleu dieum si boromam, sounou borom nangoul ko

Haakoume dieul lêne nassiihatii samak laabiré lakoume niêl lêne fatarbahou kone danguêne tonnou douneyaa si adouna wa oukheraa ak si alaakhiraa maha khawmine andak nitt nioo khamné af lahou tékhé nane

Baaboune lii bountou la bouy biral fii akhessaamou diini si khaadji diiné



Akhessaamou diini rabbinaa khaadiou djiinêy sounou borom al iimaanou gueume moossi ndieuka wa bahdahou guinaaw ba al islaamou diêboulou, mooy fab sa lêpou diokhe yalla wal ihessaanou ak rafétal

iimaanoukoume sênouk gueume yaa ayyouhas chikhaarou yêne ndaw gni bimane si yalla manga khamné lahou niêl nako assikhaarou ndaw gni wal kibaarou ak makk gni



Anetouminouh nguéne gueume billaahi si

amouk yalla walmalaa ikati ak amouk malaaka yi wa koutebihaadii saalikine ak têrey adji dioubal adji saubou diou goor wa saalikatine ak adji saubou diou djiguéne. Têré yinga khamné moom lafi yonênteu yi andi woon té niou doon ay adji dioubal adji saubou diou goor ak adji saubou diou djiguéne

Wa yawmihi ak bissame ba al aakhiri bou moudiou bi wa rousseli ak yonênteu yi al kiraami niadi way têdeu wal khadari ak dogale ba alazii banga khamné yadioudou dana tabé bil maraami sa saakoutêf la



iimaanoukoume sênouk gueume birabbikoume si sêne borom tasdiikhou mooy deugal bi annahou si naka moom yalla wadioudouhou ak amame hakhiikhou adji deugou la. Dangay

deugal né yalla lou am la

Wahouwa té moom khadiimoune adji djiitou la maalahou dêtt diko niêl bidaayatoune tambali wazou bakhaa ine boromouk dêsse la maalahou dêtt diko niêl nihaayah ak yame. Boo deugalê né yalla lou am la, dangay gueume né tambalê woul fêneu, moofi djiitou lêpou, doufi meussa dioguê té yamoul fêneu yitam



Wazou khilaafine bomouk wouté la lil bariyyati niêl mbindêf yi mahane mboolé sêne wazou khinane boromouk doylou la binaf sihii si bopam diamahaa dadialé na yiiw yépou lii niêl ma, mane khadimou rassoul. Nga tékk si gueume né kou woutêk mbolême mbindêf yi la, niroowoul ak dara té kou doyloo bopam la si lépou, amoul lêneu loumi sokhela ndimal

Wawaahidoune nga gueume né yalla kêneu la maa inelahou dêtt di niêl ko mine chaanine si niarêl walam yazal té massouta dagne dialla magueu na haziima chaani di adji magueu dji mbir. Téksi nga gueume né yalla kêneu kêpou la, té kou magueu la



Bizaati si dieumou dji wal wasfi ak si mélo wa wabil fihli ak si dieuf dji mahane mboolé sêne tafarrada wêde na al fardou adji wêde dia alazii kanga khamné khamahaa nott na noon ya lii niêl ma

Maa inelahou dêtt di niêl ko fii zaati si dieumou dia wal wasfi ak mélo wa wafii afhaalihii ak ay dieufame chaanine adji niaarêl wamane chaa kou ko soob yastafii mou taneu ko. Moom sounou borom limi déf, ak nimou mél, ak ay

dieufame, kêneu niaarêlouko si, moo takhe mooy khool kou ko soob mou mélal ko nouko nêkhe



Wa khouderatoune kaatane mahaa iraadatine andak namêl wadiabataa war nane nioom niaar lahou niêl ko ahboudanehou diaamou ko wal toudjil lahou té nga magal ko. Kou ame kaatane la, kou ame ay namêl la, té loumou beugeu meune nako déf

Hilmoun kham kham hayaatoune doundou mahaa samehi andak dêgueu wa bassar akouk guisse mahaa kalaamine andaki wakhe

wadiabatt warr nane lizil bachar niél borom mbindêf yi. Kou kham lépou la, boolé ko ak doundou gou sakhe, andak dêgueu lépou, ak guisse lépou ak di wakhe noumou ko soobê, moom borom mbindêf yi

Wakawnou rabbinaa ak nêkouk sounou borom tahaalaa kawé na khaadirane di adji atane khayra mouriidine di gueune gui adji namou laa yazaalou dêtt mouy dagne chaakirane di adji atane

Wahaalimane té adji kham la hayyane adji doundou la samiihane adji dêgueu la wahabaa mayé na wakawnouhou akouk nêkam khayra bassiirine di gueune gui adji guisse wadiabaa warr na. Adji kham la, adji doundou la, adji dêgueu la, adji guisse la moom yalla

Wa moutakallimane té mouy adji wakhe hadaaka yalnala guindi allaahou yalla bi youmni laa ilaaha illalaahou si barkêb laa ilaaha illalaah



Wa annahou naka moom tastahiilou dana diombou halayhi si moom yalla adedaadou ziissifaati safaanou yilé mélo faltouhiilou nanguêneko ko diombou lé. Mélo yii niou lime, niooy niaarfouki mélo yinga khamné yalla manou koo niaka mélowoo, wayé séni safaan nioom niépou dafa diombou si sounou borom

Ay lime si namou hadamoune niakeu mahaa khoudochine andak sossou wafanaa akouk diêkhe tamachouloune ak yamoo mahaftikhaarihi andakouk adiowoo ouftounaa

khéloul. Diombou na si moom sounou borom mouy niaka am, kou am la, moussoul niaka am, té yamoul fêneu, yamoutak kêneu mba lêneu té amoul kêneu koumi adiowoo si dara



Tahaddoudoune ak limou, manam ay lime hadjezoune ak lottou karaahatoune sibêl samame teukhe diahloune rêre wa mawtou ak faatou wahamane ak ngoumba mahabakame andak lou. Diombou na si moom mouy ami lime, waleu mouy lottou si dara, waleu mouy niaka meuna namma déf dara, waleu teukhe, waleu rêre, waleu mouy faatou, mba mouy goumba, mba mouy niaka meuna wakhe

Wa kawnouhou ak nêkame haadjizane di adji lottou aw assammaa waleu mouy adji teukhe aw kaarihane waleu mouy adji sibe aw

diaahilane waleu mouy adji rêre aw ahmaa waleu mouy adji goumba



Aw mayytane waleu mouy adji faatou soubehaa nahou yêmou naa ak sêlam aw abkamaa waleu mouy adji lou zii yii ma lime mousta hiilaatoune waye diombou lane halaa rabbis samaa si borom assamaane

Wa annahou naka moom soubehaa nahou sorêl naako lépou lou yéloul si moom laa yadjibou dou warr halayhi si moom chay oune dara bal lifi né yahabou dafay mayé louko soob lifadelihii nguir ngueunêlou bopam

Fa adjize nanga daganal fihla koulli moumekinine dieufou mêpou mbindêf wattarkaa ak bayyi ga fiihah khihii si dieufi sounou borom koufiita yalna fégalêsse la al ifkaa dour wa. Sounou borom daal mooy kinga khamné souko nêkhê déf wayé souko nêkhê bayyi té kêneu douko wakhe lou takhe

Daliilounaa sounouk téktal halaa tihil hicheriinaa si yillé niarfoukou bayanetouhou biraloon naako fii khayerizaa si têré boudoul bii tabeyiinane ak bêral

Li annazal kitaaba nguir naka bilé têré zoutakhaddoumi boromouk djiitou la halal kabiiri si bou makk ba al kaachifi mounebahimi bayy adji wougni lou leumou, manam bayy adji wougni lou lakhou woon



Fasloune lii ab dokk la fiil malaa ikati si malaa-ika yi halayhime yalna nêkeu si nioom assalaatou khêwal wassalaamou ak mouthiou

Ammaal malaa ikatou ndaal malaa-ika yi fal iimaanou gueume bihime si nioom houwa moom atasdiikhou mooy deugal wakh iikhaanou ak waulou



Bi annahoume si naka nioom laachakka dêtt sikeu mawdiou dounaa niou ame lanou choumma mahssoumounaa topou niounou moussal lane minazzounoubi siy bakaar. Malaa-ika yi, dangay gueume té deugal né niou ame lanou té niounou moussal si bakaar lanou, dounou déf bakaar

Wa annahoume naka nioom laa yatakhaw watounaa dounou khayta walaa yaboulounaa

dounou bêwal, manam dounou tour ndokhe moutahharounaa ndakhe niounou laabal lanou. Malaa-ika yi dounou khayta, ndakhe doune lêkeu moo takhe, doundou tour ndokhe yitam ndakhe dounou naan



Layssate malaa-ikoul ilaahi dêtt malaa-ikay bour bi yakoulounou niouy lêkeu halayhimou yalna nêkeu si nioom assalaamou ak mouthiou layssouh yachraboune dêtt niouy naan

Bal lifi né houme nioom hibaadoune ay diaam lanou moukeramouna nioudi niounou téral sarmadane fawou wal koullou képou minehoume si nioom layssa yahssii dêtt mouy moyy assamadou kilifa ga. Boolêni mélal, danga naan ay diaam lanou younou téral, you

têdeu ba fawou té dounou moyy yalla moukkou



Wal koullou képou si malaa-ika yi yafhalou dafay dieuf allazii langa khamné khade oumiraa digalêsse nako bihii si moom wakhaadou womatt nane lii niêl ma boucherane ay mbécté bi amenine andak koolouté. Kêpou koumou doon si nioom, lanou ko digal késsé lay déf, dounou mouy ndigal moukkou

Wa annahoume naka nioom khala khahoume binde nalêne mine nourira rabboihoume toukkê si lêrouk sêne borom al baakhii yalla mayy adji dêsse bilaa takediiri si loudoul neukhe neukhe.

Si lêre gou sêleu daal lalêne sounou borom bindeu nioom malaa-ika yi

Tasbiihou rabbihime sabbaa sêne borom houwa moom achaarabou mooy naan ga takhediissouhou sêlal ko attahaamou mooy niam wa laatar taabou boulêne siki sakeu. Sênouk naan ak sênouk lêkeu mooy sabbaal sêne borom té diko sêlal

Fasloune lii ab dokk la fil koutoubi sa têré ya assamaawiyati yadi kodiouk assamaane. Lii ab bountou la si têré yi dioguê si yalla té diaaré si yonênteu yi

iimaanoukoume sênouk gueume bil koutoubi sa têré ya attasdiikhou mooy deugal bi annahaa si naka nioom inezaalouhaa sênouk waathie hakhiikhou adji deugou la

Wa annamaa naka langa khamné fiihaa nêkeu na sa têré ya mahane mboolé sêne hakhoune adji deugou la bilaa chakkine si loudoul siki sakeu famane sadakhahaa koo khamné deugal nalêne naala mou ame al houlaa kawé ga



Hadadouhaa ab lime sêne khadoune khadoune la, mooy têmêre ak niênteu wayaa oune foukou ounezilate wathiêsse nako minehaa si nioom halaa aadama si Adama fiimaa sa langa khamné khade chabate sakhe na

Nounoune diorome foukou halaa Chihchaa waathiê nane ko si Sihssa ibnihii kay doomi

Adama choumma laamoune topou fanewêre halaa ideriissa si Idrissa yaa oune ak foukou halal khilli sa kharitoub yalla ba wilaa ane si ak toftaloo. Limoub têré yinga khamné moom la sounou borom diaaralé si ay yonêntam gningui tolou si têmêre ak niênteu. Yonênteu bi ndieuka di mame Adama andi na foukki têré, doomame yonênteu yalla Sihssa andi na diorome foukki têré, yonênteu yalla Idrissa andi na fanwêri têré, sounou mame Ibrahima di kharitoub yalla ba andi na foukki têré, têmêre yi matt



Tawrêtouhaa tawrête sêne khadih tawaahaa lakheu nako moussaa moussa inedjiilouhaa inedjiil sêne khadih tawaahaa lakheu nako hiissaa insa

Choumma hawaa topou lakheu na zabourahaa zaboure sêne daawoudou daoda kamaah tawaa naka la lakhê fourkhaanouhaa al khour-aane al mahmoudou kounou sante ka

Halay hiimou yalna nêkeu si nioom yonênteu yi assalaatou doolli téral wassalaamou ak doolli waulou maahab bahoume fiiyak sopou nalêne rabboul waraa borom mbindêf yi assalaamou djiy adji mouthiou si ayibe

Fasloune lii ab dokk la fiirroussouli si yonênteu ya halay himou yalna nêkeu si nioom

assalaatou khêwal wassalaamou ak mouthiou

iimaanoukoume gueume sêne birrousseli si yonênteu ya tasdiikhou mooy deugal bihime si nioom choumma bimaa topou sa langa khamné diaa-ou dikké nane bihii si moom mine rabbihime toukkê si sêne borom. Sooy gueume yonênteu yi, dangay deugal né niou ame lane, yalaa lêne yonni té lounou wakhe deugue la ndakhe moolêne ko wakhe loo

Wa annahoume naka nioom yadjibou dana warr fii hakhihime si sêne dieumou sidekhoune ak deugal amaa natoune kaulouté wa tablii khouhoume ak sênouk diotal. Niou deugou lanou té di ay diotalaakone you matt si linou lêne yonni



Wa kaziboune fénne khiyaanatoune wouroudje

kitemaanou neubou deugue harramahaa araamal nako addayyaanou yalla mayy fayaakone ba halayhime si nioom yonênteu yi. Fêne ak wouroudje ak neubou deugue yépou, sounou borom fégal nalêne ko nioom yonênteu yi

Ay lime si dioublou as tahaalati diombou na al diamiihou mboolé sêne fiirroussouli si yonênteu yi fa koune nékal moussaliyane di adji diouli halayhime si nioom yonênteu yi yaa radioulou yaw waadji. Mbolême niêti mélo yooyou yépou lou diombou lane si mboolême yonênteu yi

Wadiaw wizane nanga daganal maa loo khamné laa youwaddii dêtt mouy diokhé mine haradine si louy gaar lil haybi niêl ayibe fii

hakhil malaa si hakhi mboolême yonênteu yi michelal marade kême fêbar

Inelame yakoune ndême nékoul fêbar bobb mounaffirane di adji dawloo nitt gni michela diouzaam kême ngaana wa barassine ak siti fal koullou képou minehoume si nioom zouhtiraam boromouk wormaal la. Bépou fêbar bouy dall nitt, dana dall ab yonênteu loudoul fêbar bouy takhe kêneu dou djigué nitt ki, niki gaana waleu siti, ndakhe té nioom danou lêna wooté loo moo takhe, té nitt niépa wara nieuw si nioom wouyou si lêne, té kêpou koumou doon si nioom kounou wormaal la



Ammaal bouyouhou ndaal diaay wachiraa ou ak diéndeu wa nikaahou ak seuy, nouni yorê sokhena wa nahwouhaa ak you nirook yooyou

mine koullimaa si lépou loo khamné abaaha daganal nako allahou yalla

Falaa yaziidouhoume doulêne dooli siwal oudiouri ndaré ay yool ladal kariimi fasse yalla mayy adji têdeu akrami ka gueuna têdeu achakoura kadi sataakoon ba. Ab yonênteu souy diaay ak di diéndeu ak di yoré sokhena dafay diangal nitt gni naka lankay défê, kone yooyou yépou déf ga ay yool rék laléni yokou

sidekhihimou si sênouk deugueu fa mouhdjizatoune ay mouhdjizaat la anezala wathie nako albdialiilou adji magueu dji. Ay

mouhdjizaat la lêne sounou borom di deugaralê nioom yonênteu yi, manam mbir yoo khamné kéneu douko mane koudoul nioom, té mouy mbir yo khamné dafay wané né yonênteu bi, lii mouy wakhe waleu, lii mouy défdeugeu la

Makaana khawlillaahi si barabou wakhi yalla dialla magueu na sadakhaa deugal na habediya sama diaam zaa bii fiimaa sa langa khamné sahaa dieuf nako aw natakhaa waleu mou toudou ko. Mouhdjizaat bi, dafay mélni yalla moo nieuw né kii daal lii mouy wakhe waleu lii mouy déf, deugeu la maako ko yooni

Wahadadour roussouli limoub yonênteu yi djiimoune niêteu la choumma yaa topou foukou bahdahoumaa nêkeu si guinaw sêne nioom niaar mouhmalou siinine lounou nênalouk siine fahiyaa watoul. Limoub yonênteu yi nga khamné ame nanou ndigalou diootali, niêti têmêre lane ak foukou ak niêteu



Ammaa diamiihou anbiyaa ndaal mbolême nianou soloo war rousdouli ak yonênteu ya fakhakadoune têmêre lanou ak niaarfoukou ak niênteu minal ouloufi si ay diouni yaa radioulou yaw waay

Halay himou yalna dolê nêkeu si nioom azekaa salaatillaahi gueune gaa sêlli sêlouk yalla maha salaamihii andak doolli wauloom bilaa tanaahi si loudoul doytal, si lou amoul foumou yam. Soo boolé mourssaloon yi ak yonênteu yanou ndieukoona lime lépou mingui toolou si 124000



Fasloune lii ab dokk la fil yawmi sa bisse ba al aakhiri bay adji moudiou kafaanaa yalnanou fégal allaahou yalla tahaalaa kawé na ahwaalahou ay tiitam

iimaanoukoume ak gueume sêne bilyawmi sa bisse bou moudiou ba tasdiikhoune mooy ak deugal bihii si moom wabil lazii ak sa langa khamné khadihtawaa lakheu nako fanetabihi yêwoul. Gueume alaakhiraa mooy dangay deugal né bisse la boo khamné dana meussa nieuw andak yanga khamné war nassaa khéw yépou

Kannacheri niki dêki ga walhacheri ak pankheu ma, mooy diadialé niépou si béneu bérab wa kalmiizaani niki balance yinga khamné moom lani pêssê dieufi yiiw yi wal hawdi ak dêgue boobê, té mooy dêgou yonênteu bi wal diannati ak adiana wa niiraani ak sawara yi



Wa kaassiraati ak niki siraat wal mourouri ak rombou ga wal hissaabi ak hissaabi ba wakachafaa hatine nabbiyi ak niki ramouk yonênteu bi wal hikhaabou ak mbougal ga. Yii yépou dangaa wara gueume né alaakhiraa lakheu nako

Youhaa sabou dêsse na hissaab almar ou thiem sa halal khidemiiri si kême khidemiir mahal fatiili andak faatiil wa halaan nakhiiri ak si nakhiir. Lou nitt meuna déf loumou touti-touti ni kéme khitmiir waleu fatiil waleu nakhiir dêsse nako régler



Wal farkhou takhale ga baynal loukhatin nakhiiri diganté loukhay nakhiir wa loukhatil fatiil ak loukhatil fatiil wal khitemiiri ak khitemiir

Nakhiirouhaa nakhiir sêne zahrou nawaati mooy bitib kimbir ba, kimbi mooy saalou tandarma wa fatiilou fatiil yakounou dana nêkeu fii batenihaa si biir khounti ma, mooy loolou di mélni ak sidiit si saalou tandarma wi mayize raagnate lêle yaa nabiilou yaw adji khéloul dji



Wal khicheratou khoolit wa al baydaa ou wadi adji wêkhe fii tafsiiri sa piri ma hiya moom alatii mooy langa khamné yade houna dane ko woowê bil khitemiiri si khitemiir. Dér wou woyof woowou di mour saalou tandarma wi

mooy khitemiir

Wa yakhahou dana tabbi al khissaassou fayyou bayna diammaa diganté ndieuka, ndieuka mooy khar mou amoul ay bédiêne wa bayna kharnaa a ak diganté boroomi bédiêne lihadeline nguir mandou chamma sa foofê. Diganté khar mou ami bédiêne mbeuka khar mou amoul ay bédiêne sakhe dêsse nalêne lidianeti sa bisse ba, nguir mandouk sounou borom



Chakartouhou sante naako halaa firaakhiya si samak takhalikook al hissaaba hissaab wa diahlihii akouk défam koulli yatii sama lépou khayrah tissab di gueune gui saakou tiyaaba. Mouné wayé nak sante naa sounou borom, hissaab boobou mane bokou massi, kéneu

douma hissaab, té sama lépou di khêtou diaamou yalla wa gueune si sakou tiyaaba

Mawtoune dê sou ouloune laadje gani laadje si bamêl wahazaaboul khaeri ak mbougalouk bamêl yakhoulou dana tabbi fil yawmi si bisse ba al haziimi badi adji magueu faaderi khamal. Dê ak laadioub bamêl ak mbougalouk bamêl, lêpou si yawmal khiyaam la bokou

Iz nguir al khiyaamatou yawmal khiyaam khiyaamataani niaari yawmal khiyaam lane soukheraa ba gueuna ndawé mamaata koullimaa inessaani mooy faatouk bépou nitt. Bouniou né yawmal khiyaam, niaari yawmal khiyaam moom am, yawmal khiyaam bou ndaw, mooy képou faatou rék sa yawmal khiyaam bou ndaw tambali na

Wa bahdouhaa ak guinaaw ba al kouberaa yawmal khiyaam diou makk dia watilka té loolê annafhou mooy wall ga fii souri sa boufteu ba laayaatii yalla boumou dikkê mabiihii sama diaayantêk sama borom faskhou ak firikou. Yawmal khiyaam gou makk gui mooy bounou walê boufteu bi ba niépou dêkki , té bou boobaa mouné lima fassanté woonak sounou borom dara doussi fêthikou

Fasloune lii ab dokk la fil iimaani si gueume bil khaferi sa dogale ba alazii banga khamné laa youwadjihi dou dioubalé ilannaazimi dieum si adji wayy dji chay ane dara minal kadari si neukhe neukhe

iimaanoukoume gueume sêne bikhaderi rahmaani si dogaloube adji yeuramé dia al akerami ka gueuna têdeu al mou ammini kadi adji waulou loo al manaani kadibe khewalaakoon

Tasdiikhoukoume mooy sênouk deugal bi annakoullou maa si naka lêpou loo khamné wakhaha tabbi na fii sirrine si lou neubou aw fiihalanine waleu si lou fêgne hayechou yakhaf foume fa taabê

Bihilmi rabbinaa nêkeu na si khamouk sounou borom wabil iraadati ak sa nammêl ga wa khouderati ak kantane ga alatii ganga khamné tourii dana wané ifaadatane ak diarigné. Gueume dogaloube yalla mooy dangay deugal né lépou lou ame, moo kham nga tékk si sa

beute waleu dêtt, ak foumou meuna amê, khamal né sounou borom kham nako té moko dogal

Khayrane moo kham aw yiiw la kataahati hibaadillaahi niki topouk diaami yalla yi aw hakessahou waleu safaanoub yiiw la kassahyi niki dokhe fil manaahii si younou téré yi. Dogal binga khamné aw yiiw la batakhe nga sopou yalla bakay topou ak dogal banga khamné safaanoub yiiw la yépou dangaa wara khamné sounou borom la té soob nako



Aw kaana waleu mou nêkeu houlwane di adji nékhe kachawaabil mouslimiine niki yooloub dioulit gni aw kaana waleu mou nêkeu mourane di adji wêkhe, manaam lou méti kahikhaabil moudierimiine niki mbougalouk

way toogne yi. Waleu mouy dogal bou nékhe niki yool boni fayy dioulit gni bou yawmal khiyaamê waleu mouy dogal bou métti niki mbougalouk wayy toogne gna

Fa koullou chay ine lêpou leuf khade diaraa daw na fii zaahiri si lou fêgne aw baatinine waleu lou neubbou khadarou rabbii dogaloub sama borom al khaahirii kay adji nott. Lêpou loo guisse ak loo guissoul mouy khéw, khamal né dogaloub sounou borom la



Khadarouhou dogalam boobê khaada womatt na al mounaa mbebett ya bilaa kadari si loudoul neukhe neukhe limane niêl kanga khamné youhibbou danako sopou wamahaa té far na hanehou walisse ko addararr lor dia

Khadarouhou dogalam ba saakha magueu na

al hikhaaba mbougal ga wal hissaaba ak régler ga likhayrimane niêl koudoul kanga khamné youhiibbouhou dana ko sopou mahal hidiaaba andak kiiraay ga.

Wa wadiaba té warr na al iimaanou gueume annal acharaa naka diêkhiit lirabbinaa niêl na sounou borom walaa yakounou té dêtt mouy nékeu moom diêkhiit lil waraa niêl mbindêf yi

Layssa yakounou dêtt di nékeu fii diamiihil haalimiine si mboolême mbindêf yi mou achiroune adji diêkhiital fii achirine si diêkhiit maa boumou mane di doon zaa lii daal al yakhiinou mooy waulou ga. War nga gueume né déf dara mou sooti, sounou borom réka ko mane, mboolême mbindêf yépou bounou andoon beuga déf dara boussi sounou borom

andoul loolê dou meussa sooti

Baaboune lii bountou la bouy biral fil islaami si l'islaam

Islaamoukoumou islaam sêne yaa ayyouha chikhaarou yêne ndaw gni limane niêl kanga khamné lahou niêl nako adouneyaa adouna wa tilkad daarou ak googalê keur mooy yawmal khiyaam

Zikeroul ilaahi mooy toudou yalla, nagoo wakhe achehadou anlaa ilaaha illalaah wa achehadou anna mouhamadarassou loulaah, té mouy deugue si yaw nga gueume ko wa salaatoune ak nangoo sakhal diouli wa

siyaamou ak woor ramadaan hadioune ak hadje makka booko manê zakaatoune ak diokhé azaka si sa alal sou démê ba matt ko

Fasloune lii ab dokk la fiizzikeri si zakar

Walafezou laa ilaaha illaahou baatoub laa ilaaha illaahou mouhammadoune mouhamad arsalahou yooni nako al illaahou bour ba

Sallaa yalna doolli têdeu nga halayhi si moom bi salaamine andakouk moussal fii diamiihi sahaabihii si mboolême sahaaba ya hane aalihii ak nioniam ya allaahou yalla assamiih kay adji dêgueu



Afdaloumaa mooy gueune gui loo khamné natakhahou toudou nako mane koo khamné yazkourou dana toudou fa koullou mane kêpou koo khamné anekarahou wêddi nako fayakhessarou dana pérte. Lêpou lou nitty meuna wakhe si lou dieum si toudou yalla, wakhe laa ilaaha illalaah moo ko gueuna magueu té kêpou kou wêddi ba nangou woukoo wakhe pérte na

Wamane koo khamné adaama sakhal na zikerahou toudou ko moustahdirane mbir mou mouy adji têwal ko si kholam faraabihoune adji tonouwou la walaa youlaakhii té dou tassêk kadaraa neukhe neukhe. Kêpou koo khamné sakhal na di zikar laa ilaaha illalaah té diko têwlou si kholam, dana bénéfiissou té dou

tassêk dara louko nakhari

Fasloune lii adji fassalé la fii salawaati si diouli yi al khamssi you diourom

Wahlam khamal né bi anna salawaati si naka diouli ya al khamssi ya diourom fariidatoune farata la khadehane si lou dokk woukhiita yalna fégalêsse la labessaa am leunteu. Diouli yi diourom yépou ay farata lane, nguir naka sakhal nako si

Bizikeri al khour-aane wasssounnati ak sounna wal idjemaahi ak dadiêk borom kham kham yi wamane yakoune kou nékeu halam tinaahi si téréwou minehaa si diouli

Diahdane nguir wêddi lahaa niêl ko fahouwa moom kalmourtadi niki adji mourtade fil houkoumi sib atté youstataabou dêsse nako toube loo djiimal haaddi limoube djiim, dêsse nako toubloo diiroube niêti fane. Al khour-aane sakhal na diouli, sounna sakhal na diouli, borom kham kham yépou maassé nane andeu si né diouli farata la, képou koo khamné wêddi na diouli, mingui mélni kou mourtade té dêsse nako toubloo diiroube niêti fane nguir mou déltou ganaaw

Fa ineyatoube ndême toube na yaterake dêsse

nako bayyi wa inelame yatoubi ndême touboul takhetoulhou dana ko rayy chariihatoun nabii yoonou yonênteu bi bi chayfi si diaassi dia. Sou toubê si diiroube nieti fane yi bakhena, sou touboulê ba niêtti fane yi matt dêsse nako rayy

Sallaa yalna doolli khêwal allaahou yalla halayhi si moom bi salaami andak moussal ga fii aalihii si nioniam wassahbihi ak sahaabaam ya al houkaami niadi wayy atté. Kookê nga khamné dafa mourtade banou rayy ko dêssouko diappê ab dioulit

Walayssa youkhessalou dêssouko sangueu walayssa youkefanou dêssouko saangueu walaa lahou dêtt di niêl ko assalaatou dioullê layssa youdefanou dêssouko soul yitam

Fiil mouslimiine sa dioulit nia fal imaamou

ilimaane dji yourssilou dana yoonê chakhessane dieumou youwaariihi dana ko soutouraal walaa youstakhebalou dêssoul dioubalé



Baytoul haaalii nêgoub adji kawé dji bihii si moom, té yitam dêssouko dioubalé khibla wamaaloune alal dioo khamné yakhessoulou dana ko ame youdje halou dêsse nako déf fii baytil mouslimiina si nêgoub alali dioulit nia. Té sou fékêné dafa bayyi alal ak ay doom, sou boobaa doom yi dounou donnou alalam dioodiou ndakhe sêne waydiour wa dou woon dioulit té dioulit lani donnou, kone alal dioodiou danou kay yoobou sa nêgoub alali dioulit nia

Wamane koo khamné akharra sakhal na bil woudioubi si warouk diouli waamtanakhe wayé

téréwouna mine fihlihaa sik défam walaa lahou dêtt di niêl ko houzroune ngaanteu loo khamné yakhaahou dana taabbi. Koo si khamné khamnané diouli warr na wayé nêna moom diouli woul, sou boobaa



Fa innahou naka moom mouwakharoune kounou yêkhé la hattaa yadjii ba dana dikeu wakhetou salaati wakhetou diouli ga li khabouline nguir ak nangou khaderoudjii yaakaarêsse nako. Kookê nga khamné khamnané diouli warr té nangou woukoo déf danou kay bayyi ba wakhetou diouli diott

Choumma youmarou topou dêsse nako digal bihaa sa diouli ga aw tabekhaa ba bamouy dêsse rakehatoune ab rakkaa minaddarouri si darouri tisbaar wa yabkhaa dana dêsse



Mine khayrimaa faatihatine si loudoul faatiha walah tidaalou dou thiaaguinou yamoo li adjeli sawni damihi nguir niognal dérêtam bilaa nakaaline si loudoul mbougal. Dêsse nako di mounial ba daroorirou wakhetou wa di beuga diêkhe, nga khamné diouli fa ab rakkaa bou aagueu sakhe khadiatoufa, foofê nak fala mounial ga yam, dêsse nako commencê métiital bamou soonou nguir mou déltou ganaaw, sou nangou woula déltou ganaaw béneu yoon nak, niou rayy ko. Looloo takhe mouné

Fa ine abaa ndême bagne na khata lahou rayy ko zoul amri borom ndigal li bissayfi sa diaassi dia hadane rayoub guêteune douna

khateli kouferi walisse rayyoub kêfére. Kinga khamné moo yilif dioulit gni, mooy diklé niou dagueu baatam

Walaw tanaddama donté rêthiou na wa khaala mouné afhalou danaa déf likhawfi mahlaakine nguir ragala alkou falayssa youkhebalou dêssou ko nangou. Sou démê banou kay rayy mouné bayyi lênema danaa diouli, dou takhe niou bayyi ko fawou danou kay rayy, wayé sou wakhê bayyi lênema ma diouli sou boobaa danou kay bayyi mou daal diouli

Walaa yalii dou mêngoo salaatouhou dioulême ga zou fadeli borom ngueunêl likay yakouna nguir mou nékeu zaadjirane di adji diaadieu lil misli niêl morom ma. Sou fékêné rayy nanou ko, ab dioulit lanou kay diaapê wayé dafa

diaadeu yoon, dêsse nako dioulê, dêsse nako sangueu, dêsse nako saangueu, dêsse nako soule sa dioulit nia, wayyé loolou yépou dêsse kay woyofal bamoumou woyof lool, dou diarr béneu borom daradia difa têw, nguir loolou nékeu ab khouppou si yénêne dioulit yi



Wal khaberou baamêl ba laayoute massou dêssouko maassalé ba kéneu dou khamné fii ab baamêl la ball lifi né youssan namou dêsse kay dieguenieul, dêsse kay déf ab dial boo khamné dafay mélni diéguénioub gueulême li annahou nguir naka moom hinda chouyoukhi fa serigniousse diiné si mouslimou ab dioulit la. Ab dioulit la moo takhe mou yéyoo wormaal

Nassa yakhal na bizal houkoumi si bilé atté al imaamou hawfii imaamou hawfi riwaanou

mouniiri diawfii ngueuramoul adji lêral sama deuneu halayhi yalna na nékeu si moom. Nii lako al imaamou hawfi lêralé di koo khamné dafa wêddi diouli ak koo khamné nangou nané diouli warr na wayé ba nopi mou bania diouli



Fasloune lii ab dokk la fii tahaarati si laab

Innat tahaa rata naka laab wa diabatt warr na ladaynaa fi noune dioulit gni zikerane si al khour-aane wassounnatane ak sounna wa idjemaahane ak deupook borom kham kham yi chabate sakhe na. Laab lou warr la si dioulit

bouné, al khour-aane sakhal nako, sounna sakhal ko, borom kham kham yépou maassé nane deupoo si né lou warr la

Taarikouhaa adji bayyi ko bikhayri houzerine si loudoul ngaanteu houkhilaa loll khélosse nako youkhetalou dêsse nako rayy hadane rayoub guêteune douna koufrine walisse kêfére faakhilaa khéloul. Kêpou koo khamné dafa né meune namaa diouli wayé diapou waleu sangou farata moom douma kossi défanté té amoul bêneu ngaanteu, dani diapou né ab dioulit la bou diaadeu yoon, dêsse kay déf naniou défoon ka nangou woon warouk diouli ba nopi bagne ko déf, mouy rayoub guêteune

Iz nguir assalaatou diouli laa tatimmou dou matt abadane fawou illaabihaa ndaré si laab woudioubouhaa warouk laab badaa fêgne na khatehane si loudoul dokk. Comme diouli lou warr la, té balaa bakhe fawou nga laab, kone laab dafay daal di doon lou warr

Fasloune lii adji fassalé la fiil haddi si niaakhé, soognê halal idjetihaadi si farlou fiit tamyiizi si raagnalé baynal faraa idi si diganté farata yi wassounnani ak sounna yi wafii hadamil khoufouli ak si niakka saagane hanehaa walisse lêne. Bountou bii, bountou la bouy niaakhê nguir ak khammê si diganté farata yi ak sounna yi nguir ak bania saagane

Innalazii naka kanga khamné dakhala taabbi na fii salaati si diouli ga wadiaa té mou dikké bihaa si moom fii ahssanilhay aati si gueune gaa rafêti mélo

Bi aneyoussalliya si mou diouli kamaa amara niki mou diklê ko allaahou yalla soubehaa nouhou yême naa sêlam ga bihii si moom halaa wasfine si aw mélo woo khamné zahara fêgne na

Wa akemala té mou matal arroukouha roukoo ya wassoudioudaa ak sidiaut ya wa akemala té mou matal al khiyaama takhawaay ba wakhouhoudaa ak diotaay ba

Walam yakoune té nékoul taarikachay ine di adji bayyi dara khade dialaa loo khamné fêgne na minehaa di bokkou si diouli wa bahdal iftiraahi té guinaw nopi ga sou ilaa laadiêsse nako

Hammaa walisse langa khamné lahaa niêl na diouli minal faraa idi siy farata wamaa ak langa khamné lahaa niêl na diouli mina sounnani siy sounna hindal houlamaa fasse way kham ya

Wa houkemihaa ak attêb diouli hale ndakhe diouli hiya moom mafroudatoune lounou farataal la aw waleu manedoubatoune lounou sopou la aw sounnatoune waleu sounna la fiimaa sa langa khamné rawaw nêtali nane ko

Falam yakoune nékoul yahrifou di kham mimmaa sa kanga khamné sou ilaa laadiêsse nako chay ane dara wakhaala mou daal di wakhe lillazii niêl kanga khamné khadessa alaa

ladje nako



Afhalou danaa déf, manaam danaa diouli hiina naassou wakhetou woo khamné nitt gni yahboudounaa danane diaamou kamaara aytou niki ma guissé annaassa nitt gni yafhalounaa niouy dieuf. Kinga khamné mingui diouli niniou santaanê kou ni dioulê, niki kaabar, takhaw diangueu faatiha ak saar, roukoo, sidiautt, taayyé ba rakkaa yi matt mou seulmal, bimou nopê niou laadje ko sa diouli guii, ana yane dieuf nioo siy farata ak yane dieuf nioo siy sounna, mouné dé khamou mako, mane damay diouli rék nima guissê nitt gni diko dioulê

Fa khaala wakhe na bahdoul houlamaa kéneu si way kham yi waleu lêneu si way kham yi

lane toukhe balaa dêssoul nangou salaatouhou ak dioulême wahouze rouhou ngaantam yitam lane youkhe balaa dêssou ko nangou. Léneu si borom kham yi nênane kooki nga khamné mingui diouli té khamêwoul farata ya ak sounna ya, ak dioulême dêssouko nangou, manam doussi am ab yool, té bou wakhê yitam né kome té douma si am ab yool diaratoul may diouli, ngaanteu loolou yitam dêssouko nangou

Wa michelouhou ame kémame fil houkemi sib atté hindal houlamaa fasse way kham ya mane mooy kanga khamné khattawadda a diapou na woudou ane ame ndiapou moo khamné khade samaa yeukatikou na. Kinga khamné yitam mingui diapou té khamêwoul farata ya ak sounna ya, mook kanga khamné mingui doon

diouli té khamêwoul farata ya ak sounna ya nioo yam atté

Halaa atimmi haye atii si gueune gaa matouk mélo bi ane khassala si mou rakhasse yadayhi niaari lokhoom lil kouhayni bassi niaari tikou diara ya djiimane niêtti yoon yoo khamné khade hassal am na



Wa bahdou guinaw bamou rakhassê niaari lokhoom bassi niaari tikou diara ya mademada galakhendikou na chalaachane niêtti yoon bistiyaaki andakouk soothiou moustane chikhane mbir mou mouy adji sarakhendikou moustane chirane mbir mou mouy adji fiirou djiimane niêtti yoon hounaaka sa foofê. Thieur yi ngay ndieuka rakhasse, dangaa siy khamê né ndokhe mi meune na diapou waleu, ndakhe

boo dieulê ndokhe sooti si say lokho nguir rakhasse lêne, dangay khool ndakhe couleur bi sopikou woul, boofa dioguê nga booy galakhendikou dangay bayi khél ndakhe ndokhe mi amoul thiafka waleu, boofa dioguê waat nga sarakhendikou khool ndakhe ndokhe mi amoul banêne khétt waleu, sou yooyou yépou baakhê nga doora diaaleu si farata dji ndieuka si ndiapou mi

Wa khassala nga daal di rakhasse al wadjeha khar kanam ba, ganaaw banga diotalê yênéy ndiapou mi mahal yadayni andak niaari lokho yi, soo nopê sa khar kanam ga, nga diaaleu si lokho ya tambalê ko si thiati baatam ya bassi tionthiou la déf ko niaari lokho yépou boussi nékeu niêti yoon téy khaliilé baraam yi wal koullou kêpou bitacheliichi si niéteu niéteu lay doon douna chayni walisse ak niaawal. Léneu louné niéti yoon képou nga kay déf walisse ak eupale



Moukhallilane mbir mou mouy adji khaliil wa massaha té mou massaa arrahssa bopou ba waradda té mou dêloo massiha ouzenayhi mbir mou mouy adji massaa niaari nopou yi bitadjediidine andak yêssal ndokhe ma warade rott na. Ganaaw banga massaawê bopou ba té dêlloossi say lokho, nanga yêssalaat ndokhe massaa niaari nopou yi

Wakhassala té mou rakhasse aroudioulayni niaari tankeu yi zaatakheliili mbir mou mouy borom khaliil wakammala té mou matal al woudou a ndiapou ma bitadjemiili sik rafétal

Aw annahou waleu naka moom akhetassala sangou na minal dianaabati nguir dianaba wa ahssana té mou rafétal attouhra laab ga wazaaka loolê ane khassal mooy mou rakhasse

Yadayhi niaari lokhoom djiimane niêti yoon mahakouhayhi andak niaari tikou diara ya izane sa boobê wakhassala té mou rakhasse alazii langa khamné assaaba diott nako mine azane si sobé. Boo rakhassê sa niaari lokho yi andak tikou diara ya niéti yoon, na nga daal di rakhasse fêpou foo khamné sobé takheu nafa si yaram wi



Wakhassala té mou rakhasse al makheradia guêneu kaayou sobé ba naawiyane mbir mou mouy adji yêné fardane farata diodje fêgne na

ladaa zakarihii fa rakhasse zakaraam sa aw fardjihaa waleu peuyam ma. Ganaaw boo rakhassê fêpou foula sobé takhoon ba nopi, dangay daal di rakhasse li tambalê si dioumbakhe bi dieum si bountou soufe bi ak bountou sawe bi, té nga yêné dioo faratay thiangay li foofê

Moubetadi ane mbir mou mouy adji tambali fiizaaka sa loolê mine mouwakhari dioume dioumatine si lounou yêkhé kaangoume bopou ba lahou niêl ko lidafhid darar nguir diagne lor dia. Dangay khaliilé kawari bopou bi nopi dook dikay rakhasse, nguir bopou dêssoul dikeu rék sooti si ndokhe, ndakhe dafa siy waral métide

Wakhassala té mou rakhasse bi salaati kharafaatine si niéti tankhiine rahssane bopou lahou niêl ko mine bahdimaa khade khalalaa guinaaw bamou khaliilé. Ganaaw bamou khaliilé bopou bi ba nopi, na daal tankheu niaari lokho yi bamou fêsse mou rakhasse bopou bi, déf ko bami niéti yoon

Choummta diahala topou mou déf fii raahatihii sa ténkhame al youmenaa ndidior ba wa amala té mou diêngal arrahssa bopou ba wakhassal té mou rakhasse



Ouzounahou nopam al youmenaa ndidior ba, sou ko défê mou daal di déf ndokhe si tênkhou lokhoob ndidior ba daal di diêngal bopou ba nopou bi fêki lokho ba mou rakhasse ko, wayousraahou thiamooy ba yitam kazaaka

naka noonou, nopou thiamooy ba yitam na daal di déf ndokhe si tênkhou lokhoob thiamooy ba té diêngal bopou ba nopou bi fêki lokho ba mou rakhasse ko, Boussa dioguê wakhassala mou rakhasse al hounoukha dookhou ga khaslane ak rakhasse bahda zaaka guinaaw loolê. Bou rakhassê nopou ya ba nopi na daal rakhasse dookhou ga

Wa chikhahou ak wêtam ga al aymana gou ndidior ga lirroukou bati bassi beuti waume ya choumma ayssarahou topou thiamooy ba kazaa niki nii bi moutelakhine si ndokhoume moutelakhe, mooy ndokhe késsé mou bakhe yahoume moo khamné dana matalé. Soufa dioguê, na daal tambalê si wétouk ndidior gui rakhasse ko bassi beuti waume yi, dême si wétouk thiamooy ba rakhasse ko yitam bassi beuti waume ya



Wakhassala mou rakhasse ridjelahou tankame ba al youmenaa bou ndidior ba ilal kahbi bassa dodior ba wa bahdahou guinaaw ba al yousraa thiamooy ba kazaaka niki nii. Bou loolou dialê, na daal di rakhasse tankoub ndidior ba bassi dodior ba, sou nopê dieul tankou thiamooy ba, soussa dioguê wakammala mou matal

Bikhasli batnihii si rakhasse biiram wakhasli saderi ak rakhasse deuneu ba mine bahdimaa guinaaw boo khamné khaddama djiital na khasla zahri rakhasse guinaaw ga. Bou rakhassê tankou thiamooy bi ba nopi, na diaaleu si rakhasse guinaaw gui, sou dioguê daal di nieuw rakhasse biir bi moudiê rakhasse deuneu bi, tangaay li matt. sou fékêné sangoo na kone déf thiangay lou rafêt



Walayssa yaderii té dêtt mouy kham mine djamiihi zaakaa si mboolême loolê fariidatane farata aw sounnatane waleu sounna hounaakaa sa foofê

Fa innahou naka moom hadachouhou todiam mi khade bakhiyaa dêsse na michelal dianaabati kême dianaaba yi halayhi si kawam faaderiyaa khamal. Sou fékêné déf na thiangay li nii niou ko wakhê té khammêwoul lou siy farata ak lou siy sounna, kone sobé soossou takhoon ko di sangou ba lêgui mingui si moom



Wa batalatt yakhou na salaatouhou ak dioulême laa toukhebalou dêssou ko nangou bal lifi né houwa moom fil diamiihi si mboolé sêne yafhalou dana déf ichemane bakaar. Diaamou googalê mouy déf ganaaw sangou ga, bakaar késsé lassiy am wayé dou si am ak fayy ndakhe niakka kham ga

Haassine adji moy la lirabihii niêl boromam wa lirassouli ak niêl yonênteu bi halayhi yalna nékeu si moom khayrou salawaatil iili ngueune gui khêwali yalla yi

Haazal kalaamou djilé wakhe khadine tamaa askanoo na lil imaamil hawfii niêl imaamou hawfi wa fiihi té nêkeu na si moom koulou khawfi diêpou ragal. Mouné té lii mou wakhe dé lou mata ragal la, ndakhe di diaamou yalla

di si yakaar ak payy, amoko si ba nopi dissi am bakaar

Wa khaala wakhe na moom imaamou hawfi inna koullachaye ine naka lêpou leuf loo khamné yakhahou dana taabbi mine zaa si yii minataahaati si topou yi layessa yanefahou dêtt mouy diarigne

Kal hadji niki hadje wal djihaadi ak djihaade wa siyaami ak koor wakhayrihaa ak youdoul nioom kal bazli niki diokhé sa alal wal itehaami ak lêle ay miskiine. Lêpou looy déf, mokham khêtou diaamou yalla boumou meuna doon, danga wara kham atté ya, manaam loussiy farata ak loussiy sounna ak lounou si sopou ak lounou si sib

Wal bahdou lêneu si borom kham kham yi

khaala wakhe nane né inna mane naka kanga khamné khadikhe tassal sangou na aw khatawadaa waleu mou diapou bilaa nakhessine si loudoul ak manqué hassal amna

Kamaa zakarnaa niki nou toudê ko wanawaa té mou yêné fil khousli si thiangaay la aw fiilwoudoudi waleu si ndiapou ma annahou naka moom zoufihli boromou dieuf la

Maa langa khamné farada farataal nako allaahou yalla fazaakal fihlou diodiê dieuf sahha wér na wa annahou té naka moom youdjezi ouhou danako doyy halal asah sa la gueuna wér. Léneu si borom kham kham yi

nioom daniouné koo khamné sangoo na niniou ko digalê mou sangoo ni waleu mou diapoo ni niouko ko digalê andak yêné dieufé si ndigalou boromam, sou boobaa dieuf dioodiou wér na té dana ko doyy

Choumma salaatouhou topou dioulême yitam sahiihatoune adji wér la izaa nawaa ndême yêné na ada afardi rabbihii diookhé farataay boromam izane sa boobê



Walayssazaa ismi dêtt mouy borom bakaar walaa hisyaani dou thiaaguinou mouy boromouk moyy lihadamil bahchi nguir niakka gueustou ga mahal itekhaani andak khérégné ga. Dioulême ga yitam, bou andêk yêney khamné sounou borom moo farataal si moom diouli ba takhe mou diko déf, kone doussi am

bakaar nguir niakka gueustou ga

Amaalazii ndaal langa khamné khaala wakhe nako al imaamou hawfii imaamou hawfi rahiimahou yalna yeuram ko allaahou yalla al mounziiloul hawfi kay adji danial ak ragal



Fazaaka loolê tahdiidoune ak khoupé la wa tanebiihoune akouk yêté maha nassihatine akouk laabiré lizil dalaaline niêl boromouk rêre faasmahaa kone déklou ko

Likay yakouna nguir mou nékeu al mar ou thiém si zaadjetihaadi di borom farlou fii amri diinihii si mbiroume diinême bilaa hinaadi si loudoul diouyoo. Mouné lii nga khamné moom la al imaamou hawfi wakhe ak khoupé la nguir dioublou si ak yêté ak laabiré koo khamné dafa rêré mbiroume diiné ndakhe boumou sagane



Diazaahou yalna fayy ko rabbounaa sounou borom al kariimou kadi adji têdeu khayrane aw yiiw kamaa khaada naka la woomatê lii niêl ma al amaana kaulouté ga wal mayraa ak khoontou ba. Mouné ninga khamêné sounou borom noonou lama défalé ak kaulouté akouk khoontou yalna nako ni fayê aw yiiw si wakham dji nga khamné dioublou woussi loudoul défar diiné

Khoultou wakhe naa wakhade harrama haraamal na rabbounaa sounou borom halaa koulli moukallafine si mêpou moukalaf halaamaa sa langa khamné noukhilaa tokhalesse nako

Fihlane dieuf bikhayri hilmi houkemi charhi si loudoul kham attéb yoon fiihi sa dieuf dia fazaan nassou bilé yakhe daliiloune ab têktal khatihii moudi kodiou dokk. Mouné nak mane wakhe naané haraam si mêpou moukalaf mouy dieuf diêneu dieuf dioo khamné khamouk lane moo siy attéb yoon, té lii ma wakhe yakhe la boo khamné amoul lounou siy siki sakeu

Mane kaana kou nékeu diaahlane di adji rêré bi fardihii si farataam walamyas al té laadiou ko borom kham kham ya fa abadaa alak na nafsahou bopam wazalam té toogne nako

Fasloune lii ab dokk la fii fouroudi salaati si farataay diouli

Fouroudouhaa farataam ya touhaddou dêsse nako lime khamessata hachar mouy foukou ak diourom halal lazii sa kaw langa khamné zakara toudou nako al hawfiiyyou imaamou hawfi zoulfikhehi kay borom fikheu

Awwalouhaa bassa ndieuka niyyatounaa mooy sounou yêné wachaanii niaarêl ba takebiiratoul ihraami mooy kaabarou harmal khouze diapal bayaanii samak biral

ndaye, diangueu faatiha limane niêl na yalla manga khamné youssaamou dêsse na woor lahou niêl ko

Khaamissouhaa diouromêl ba khiyaamounaa mooy sounouk takhaw li adjeli tilkal khiraa ati nguir digoub yooyoulé diangueu kamaafii nakheli naka la nêkê sa tokhal ga

Saadissouhaa diourom bênêl ba arroukouhou mooy roukoo choummas saabihou topou

diourom niaarêl ba arafhou mooy yeukatikou minehou toukkê sib roukoo kaana nêkeu na annaafihou adji diarigne dia liya niêl ma

Wachaaminou adji diourom niêtêl bi assoudioudou sidiautt choumma taassihou topou diourom niêntêl ba arrafhou mooy yeukatikou minehou toukkê sa sidiautt ba khade hadaanii guindi nama achaafihou adji ramou dji

Haachirouhaa adji foukêli farata dia ine kounta ndême nêkeu nga zaakhetidaa i di boromouk royy niyatouhou mooy ak yênême chamma sa foofê ladab tidaa i fasse tambali ga. Foukêlou farata dji mooy bou fékêné dangaa nieuw di dabb imaam bo yêné wakhetou wingay diouli ba nopi, dangay yêné royy ilimaane


وجعل الترتيب حاء ى كلمن ثم الثمانينة ثانى كلمن
والاثنتين آل والسلام جعلا ثالث الشهار ابعها وكملا
بجلسة السلام من همزة آل لميمكم كمار واله من نقل

Wadiahala déf na attartiiba toftalé ga haadiya hachar mouy foukêl ba ak bêneu choumma toumaaniyata topou dal ga chaaniya hachar mooy foukêl ba ak niaar

Wadiahala déf na al ihtidaala yamoo ga chaali chahaa mouy foukêl ba ak niêtam wassalaama seulmal ba raabihahaa mooy foukêl ba ak niênteu wakammala mou matal farata ya

Bi dial satati si diotaayou seulmal bi mine hamezati al mingui toukkê si hamezak alleu gui li miimikoume bassi miimou koume gui kamaa rawaahou niki mou nêtalê ko mane kanga khamné nakhala tokhal na

Fasloune lii adji fassalé la fii sounnanis salaati si sounnaay diouli

Sounna nouhaa sounnaam ya hayyoune foukou la ak diourom niéteu bihaa ine si ak haa mouhmali goudi gounou nênal mine khabli yaa ine ndieuka ak yaa douna nounine walisse ak noune fakhili khéloul

Wahya nioom, bassa ndieuka al ikhaamatou mooy likhaam wassouratoune akouw saar woo khamné tafii dana dikeu mine bahdi oummi zikeri si guinaaw ndayi al khour-aane faakhe tafi khinthioul al hakha deugueu. Bi ndieuka si

sounnaay diouli mooy likhaam, topou sa saar bingay diangueu ganaaw faatiha



Minehaa bokou na si sounna ya khiyaamounaa sounouk takhaw lahaa nguir diangueu saar wi wa akkidaa na nga fêdali haatayni niaar yillé choumma houdda topou limal diahrane ak biral khade badaa goo khamné fêgne na. Takhawaay ba andak diangueu saar wa sa ganaaw faatiha ba sounna la, saar wi si dieumi bopam sounna la, ak biral sa famou warê sounna

Wassirou ak yélou fiil mahalli sa bérab banou wara yélou yane dialii dana fêgne minehaa bokkou sa sounna ya badaa fêgne na minehaa bokkou sa sounna ya attake biirou kaabar ba khayeroul awali boudoul bou ndieuka ba

Minehaa bokou nassa attachahou daani niaari taayyé ya wassalaatou ak diouli halal lazii sa kanga khamné laa yakhessidou dou dioublou al khoulaatou way bagne ya

Ilaa khadiimihii dieume si adji ligueyalam djilé allaahou yalla sallaa yalna dooli têdeu nga wassallama té mou diooli waulou halayhi si moom kamaa ahlaahou naka mouko kawêlê



Fiil aalihii si nioniam wa sahbihii ak ay sahaabaam wa diahalaa té mou déf haza nizaama wilé waye khayra nourine mouy gueune gui lêre khade halaa goo khamné kawé

na. Taayyé sounna la, diouli si yonênteu bissi taayyé diou moudiou dji sounna la

Tilka salaatou goguê diouli, mouy salaatou halaa nabii laatakounou dou nêkeu fii siwaa chaanii tachahoudayni si loudoul niaarêlou niaari taayyé ya hinda mane fasse imaame malick manga khamné hawaa lakheu na kham kham

Wa houdda limésse na mine sounanihaa si sounnaam ya al diouloussou diotaay ba li awwaline niêl taayyé diou ndieuka wa aakhirine ak taayyé diou moudiou fakhiissouh khiyaasse lêne. Diotaay bangay took nguir taayyé diou ndieuka dji ak diou moudiou dji yépou ay sounna lane

Wazaa idoune ak adji doolikou halattamaa niinati sa dale ga choumma khaadiri salaami topou kême seulmal ba choumma diahroune topou ak biral khadeya oume goo khamné dana dioublou. Seulmal yingay seulmalaat dieumé sa ilimaane ak kila fêtê wétouk thiamooy yooyou ay sounna lane, diotaay ya sounna la, béral seulmal bou ndieuka bi sounna la

Moussaahibane mbir mou mouy andaalêk salaama tahliiline seulmalouk yêwikou gui waraddou salaaminaa ak dêloo sounouk seulmal halaal imaami si ilimaane aw ahadou waleu kéneu, niki kila fêtê wétouk thiamooy

Ine saatou maamoumine sa lantoube maamoume ladaa idjehaari imaamihii fasse biralouk ilimaane wa souteratoune ak satir yaakhaarii yaw adji diangueu dji. Wakhetou wou ilimaane di biral yaw dangaa wara déf thiêleu sounna la, satir sounna la

Lil fazzi niêl na kéneu wal imaami ak ilimaane amaazoukhe tidaa ndaal boromouk royy fa yaketafii dana doyloo bil moukhetadaa si kounou royy ka hane souterati walisse satir



Fasloune lii ab dokk la fii faraa idi woudou i si faratay ndiapou

Woudou ounaa sounouk diapou faroudouhou

ay faratam chamaani yatoune diourom niéteu la fii khawli hazaa chaykhi si wakhi bilé saangueu, mouy al imaamou hawfi laa toumaariya boul wêrênté

Niyyatounaa sounou yêné wakhaslounaa ak sounouk rakhasse al wadjeha khar kanam ba mahaa khasli yadine andak rakhasse lokho li marfikhine bassi thionthiou ba fanetafiihaa diarinioul

Kazaaka niki nii takheliiloul assaabihii khaliil baraami lokho ya warade rodd na mahal faraa idil woudouhi andak farataay ndiapou laa fanade dêtt ay narr

Wa mashou rahssika ak massaa sa bopou wakhaslour ridjeli ak rakhasse tankeu wa dalkou ak diondiou wal fawrou ak gaaw ladaa

zii nakheli fasse borom tokhal ga. Farataay diapou mingui noonou, bassa ndieuka mooy yêné, topou sa rakhasse khar kanam, ak rakhasse lokho yi bassi thionthiou la, ak khaliilé baraami lokho ya, ték sa massaa sa bopou wayé massaa gui moom dême bi rék mooy farata, soo sa nopê nga rakhasse tankeu yi, ak diondiou, ak gaaw manaam seussalé ndiapou mi bamou matt

Sounanouhou sounnaam ya touhaddou dêsse nako lime michelal faraa idi kême farata ya, mouy diourom niéteu fiimaa sa langa khamné warade rodd na hanil hawfiyyi dieulê sa imaamou hawfi zil fikhehii kayborom fikheu

Ikhessil rakhassal yadayka sa ni aari lokho made mide galakhendikoul issetanechikhe sarakhendikoul izane sa boobê wamesah té nga massaa al ouzounayni niaari nopou yi watadje didane akouk yêssal khouzane diapal

Waassetane chirane fiiroul waroudda dêlool masha rahssi massaa bopou bi waratibane toftalél toukefa kone dêsse nala fégal koulla bahssine bépou aye. Sounnaay diapou diourom niéteu la, bassa ndieuka mooy rakhasse niaari lokho yi bassi tikkou ndiara yi, bassa topou mooy galakhendikoul, topou sa

sarakhendikou, ak massaa niaari nopou ya, ak yêssal ndokhe laataa ngay massaa niaari nopou yi, fiirou ndokhe minga sarakhendikou woon, ak délloo say lokho si massaa bopou ba, ak toftalé farata yi

Fasloune lii ab dokk la fii faraa idil khousli si farataay thiangaay

Fa fouroudou khouslinaa sounou farataay thiangaay tafii dana dikeu khamessatane di diourom niyyatounaa sounou yêné hinda sourouhi fasse tambali ga fakhetafi khinthioul. Farata dji ndieuka si thiangaayoul farata mooy yêné, yêné dioodiou yangui kay défê si diamono bingay rakhasse fa sobbé sa di guénne

Waddalkou ak diondiou ga wal fawrou ak gaaw watakheliilou chahar ak khaliil kawar wadakhechou madefourine ak nadje lounou lêtteu likoulli mane niêl képou koo khamné dafar léttou na. Kone farataay thiangaay

diourom yii la, yêné, diondiou, gaaw, khaliilé kawar, ak nadje ay lêtteu si képou kou léttou

Fasloune lii ab dokk la fii sounnanihii si sounnaay thiangay

Fa sounanouhou ay sounnaam arbahoune niênteu la khaslou yadine rakhasse lokho hindaab tidaa ine fasse ak tambali kal woudouhi niki ndiapou fakhetadi royal

Mademadatoune galakhendikou kazaalika niki noonê istinechaafou sarakhendikou mashou simaakhi ouzeni massaa beune banou nopou hammane dieulê fa nianga khamné faakhouh

kawé nane si kham kham. Sounnaay thiangay, rakhasse say lokho bassi tikkou ndiara yi, galakhendikou, sarakhendikou, massaa nopou

Fasloune lii ab dokk la fii faraa idit tayammoumi si farataay tiim

Ammaa faraa idout tayammoumi ndaal farataay tiim fahaa diourom niéteu la awwalouhaa bassa ndieuka anniyyatou mooy yêné fiimaa sa langa khamné chouriihaa lêralêsse nako

Choumma sahiidoune topou pakeu, niki barab bou maneu tiim waleu diodje wou maneu tiim

taahiroune boudi adji laab wa fawrou ak gaaw wa darbatoune akouk dauriin, manaam tékk sa niaari lokho yi si lingay tiimê takhaddamat bi djiitou zaa lii khayroune aw yiiw la

Wal mashou ak massaa lil wadjehi niêl khar kanam wa mashoul kouhi ak massaa ba say tikkou diara kazaa niki nii ittissaa louhou ak diokoloom bimal macherouhi sa lounou yoonal, niki li takhe ngay tiim soo nopê sa tiim ga rék nga dioublou si

Wa fihlouhou akouk dieufam bahda doukhoulil wakheti guinaaw tabik wakhetou wi laa yassihhou dou wérr khabelahou ndieuka wakhetou wa fahaddii samab lime kamoulaa matt na. Farataay tiim, yêné si diamono bingay massaa sa khar kanam, barab bou meuna tiim

waleu lou meuna tiim, gaaw, tékk say lokho si lingay tiimê nguir massaa sa khar kanam, massaa khar kanam gui, massaa lokho yi, seussalé tiim gui ak li takhe ngay tiim, ak bayyi ba li waral ngay tiim diott nga dooray tiim

Fasloune lii ab dokk la fii sounnanihii si sounnaay tiim

Sounanouhou sounnaam ya chalaachoune niêteu la attartiibou mooy toftalé ga tadjediidouka sake yêssal adarbata dauriine ba, manaam tégaat say lokho si souf yaalabiibou yaw adji khéloul dji

Wahiya moom lil yadayni niêl na niaari lokho yi choumma mashoulaa topou massaa loo khamné zaada doolikou na halal kouhayni si niaari tikkou ndiara ya dah bayyil tayaamoumane tiim

Moustakhe niyane mbir mou ngay adji doyloo hanehou walisse tiim bitouh rilmaa i si laabouk ndokhe ine kouneta ndême nékeu nga zaa sihhati di boromouk wér laa wakhouma zaaddaa i boromouk raagueu. Nanga doyloo diapou ak ndokhe té bayyi tiim fiyak yangui wér té amé ndokhe

Aw kounta waleu nga nêkeu zaamaa ine di borom ndokhe bihouzerine andak ngaanteu fattouraabou souf hiina izine sa boobê halaa fouhou mooy woutaakonou ndokhe ma fahi

watoul assawaabou dioub ga. Sounnaay tiim, toftalé ga, tégoub niaarêl ba say lokho si souf, massaa lokho yi li dalê si tikkou ndiara yi bassi thionthiou la

Fasloune lii ab dokk la fii siyaami si koor

Siyaamounaa sounou koor lahou niêl nako fariidataani niaar farata bilaa ziyaadatine si loudoul dooli walaa noukhessaani dou thiaaguinou ak waagni. Koor, niaari farata rék la ame yoo khamné amoul waagni amoul dooli

Niyyatounaa bou ndieuka bi mooy sounouk yêné wa kaffounaa ak sounouk fégou hane

moufetiraati walisse wayy dokk liwadjehi baakhine nguir dieumi yalla may adji dêsse moutehimine kayy adji léllé bittayibaati si niam you têyy ya. Farataay koor, yêné la ak watandikou lêpou louy yakheu koor



Masnounouhou lounou sounaalam chalaachatoune niéteu la hinda labiibou fasse adji khéloul dia tahdjiilounaa mooy sounouk gaawé al foutoura ndogou mine bahdil khouroubi si guinaaw soowouk dianteu bi

Wa chaani bou niaarêl ba taakhirou souhour mooy yêkha kheude laylane si goudi chaalichouhaa niêtêl ba kafou lissaani mooy fékk aw lamine khawlane si wakhe diou niaaw

Fasloune lii ab dokk la fii zakaati si azaka

Amaazakaatou ndaal azaka fale faraa idou farata ya lahaa niêl ko touhaddou dêsse nako lime arbahane mouy niênteu faraahi saamontêlak koullahaa lêpame

Khoul wakhal niyyatoune yêné tamaamou khawline ak matame ame att watamaamou nissaabihaa ak matouk nissaab bi hadamou nakheline niakka tokhal, manaam azaka dji nga

diokhe ko wa finga nêkeu zaa lii tamaamou mooy matt gui. Farataay azaka niênteu yii la, yêné guêné azaka, matouk att si lépou lounou chartal mou matt att, matouk nissaab, té nga guêné ko si bérab binga nêkeu

Choumma khade zakarou topou toudou nane lahaa niêl ko aadaabane ay têguiine chalaa chatane youdi niéteu touhassilou dana amal achawaabaa yool ba. Amna niéti têguiine younou la digal nguir nga samoontêk moom si diokhé azaka ndakhe nga diott si yool ba

Wa hiya nioom tiibou nafsi têyouk bakane fiihaa si azaka dji choumma anetakouna topou mou nêkeu mine wassati maaline toukkê si digueu alal khaysou hane foune fi gaarê. Têguiine yi, bokkou nassa ame khôl bou sêdeu

si diokhé gui, lingay diokhé boumou doon lassa gueuna bakhe té boumou doon lassa gueuna bone na digueu doomou

Chaalichouhaa niêtêl ba assaterou soutouraal hanil houyouni walisse ay beute hawfariyaa nguir ragal nguistal al moufdii bayy adji aagalé lihaybid diini si ayyibi diiné. Niêtêl ba mooy nga soutouraal lingay diokhé nguir ragal nguistal

Fasloune lii ab dokk la fil hadji si adje

Faraa idoul hadji farataay adje ladayhime fa nioom serigne sa arbahoune niênteu la fanniyyatou yêné al oulaa mooy farata bi

ndieuka ba halaamaa sa langa khamné yasraahou dêsse nako yoonal. linga khamné moo djiitou si farataay adje mooy yêné choummah doudi topou nanga lime attawaafa weur lil ifaada dati niêl ifaada chaaniyatane mou di ab niaarêl lahaa niêl yêné bikhayri fanadine si loudoul féne. Weur guinou toudê tawaafoul ifaada niou diko déf si yoor-yoorou bissou foukêl si wêrou tabaski mooy faratab niaarêl bi

Wassah younaa ak sounouk dokhe baynas safaa diganté safaa wal marwati ak marwa chaalichatoul mahdoudi mooy niétêlou lounou lime la dounaa miryati si loudoul wêrênté. Dokhe diganté safaa ak marwa diourom niaari yoon mooy niétêlou farata bi

Choummal woukhoufou toupou takhaw bi harafa si harafa istamih dêkloul lii niêl ma raabihatoul arbahi mooy niêntêlou niênteu ya koune nékal zaa mahrifa di boromouk kham

Fasloune lii ab dokk la fii sounnanihii si sounnaam ya

Sounanouhou sounnaam ya ataa dikeu na baa oune di niaar mouwahadaa boudi gounou wêtal mine bahdiyaa ine si guinaaw foukou tahtou si souf, manaam niaari tombou yissi souf mouy yaa-oune laa fawkhou wakhouma si

kaw ourchoudaa diogal

Fa arbahoune niénteu minehaa si sounna ya yafhalouhaa dana ko déf mane haddja kouy adje bihtiraami sik armal ladal ihraami fasse armal ga. Niênti sounna yii, si diamonoy armal ga lay nieuw té mooy

Khousloune sangou yakounou dana nêkeu mouttassilou di adji diokoloo bihtiraamine si armal ga tadiarroudoune ak rafeléwou hanil makhiiti walisse lounou niaw faametachil topal ndigal



ILLaabiloube sihii ndaré si ak solam izaarane tarakhelaay waridaa akouk laambaay michelahoumaa sênoume kême la nakhelaani niaari daaleu rafikhe nanga andantêk mane kanga khamné hadaa dioublou na

Raabihatoul arbahi niêntêlou niênti sounna yi hindal hawfii fasse imaamou hawfii radiya yalna gueuram hanehou si moom anaara lêral na diawfii samab deuneu



Talbiiyatoune mou wakhe labayka laahouma labayka diaalibatoune adji didji la lil adjeri niêl yool ba fii sounnaatil mouchaffahi si sounnas nounou ramouloo ka al moubari kadi adji bakhe

Halayhi yalna nékeu si nioom afdala salaati gueune gui diouli wassalaami ak seulmal fii aalihii andak nioniam wassahbihii aki sahaabaam al hourri niadiy saangueu al kiraami niadi way têdeu. Niênti sounna yinga khamné képou kouy adji danalêne andi si diamonoy armal ga mooy, sangou té mou

diokoloo ak armal ga, ak rafelé walisse lounou niaw, ak niaari rakkaa yinga khamné bookay diouli rakkaa bou ndieuka bi fatiha la ak kaafiroune rakkaa niaarêl ba fatiha la ak ikhelaasse, sounna bou moudiou bi mooy tambalê wakhe labayka ba bingay dougou makka



Walittawaafi niêl na tawaaf arbahoune niénteu touhaddou dêsse nako lime minehaa si sounna ya macheyoune dokhe ak sa tankeu bou féké amo ngaanteu wakhoube lantoube ak faune al hadiaroul azewatt bifammine si guimine aw bi yadine waleu si lokho

Ramelour ridiaali nioukou goor nia fii chalaachi si niéti tour yi al ouwali you ndieuka yi choumma douha ou topou niaan fii tawaafi sa

weur ga yane dialii dana fêgne



Wa arbahoune niênteu lissahyi niêl dokhe ba khoublatoul hadiar mooy faune dodie wa izaa zahara ndême fêgne na minal masdjidi toukkê sa diakka dia lissafaa dieum safaa

Chaaniyatoul arbahi niaarêlou niênti souna ya andak dokhe diganté safaa ak marwa hindal khoutwati fasse roytêf la mouy imaamou hawfii souhou douhou ak yêgam bayna safaa diganté safaa wal marwati ak marwa.dodiou safaa wingay tambalê dokhe ba, boofa tollê dangay yêkk si kawam, naka noonou yitam si boo déme marwa loolou mooy sounab niaarêl bi



Wassour hatour ridiaali ak gaawouk goor nia fii batnil massiil si batnil massiil chaalichatoul arbahi mooy niétêlou niênteu ya fii khawline nabiil si wakhi adji khéloul dia. Boo dioguê di dême marwa, diganté bi amna foo khamné moom lanou toudê banoul massiil, boofa tollê dangay gaawantou ba wêssou ko mouy sounab niêtêl ba

Choumma taraabihaa touhaa topou niêntêlou niênti sounna ya douna fanadi walisse narr douhaa ouhou mooy ak niaanam fawkha houmaa si kaw sêne nioom niaar bikhayri hadine si loudoul ab dayo. Niaan yi ngay niaan diamono binga yêguê si kaw safaa waleu marwa mooy sounab niêntêl ba, niaan yooyou nak amoul foumou yame lêpou loo beugue meune nga ka faa niaan

Khaatimatoune lii ab mootali la

Rouwiya nêtalêsse na hanekhayril baraayaa dieulê si gueune gui mbindéf annamane naka koo khamné yakhoulou dana wakhe fil halaani si lou fêgne bahda tahaarati guinaaw laab goumou laabê si ndiapou

Achehadou dana sêddé lil aakhiri bassa moudje ga toukhetahou dêsse na oubbi izane sa boobê abwaabou diannatine bouneti adiana lahou niêl ko liyane fouzaa nguir dana wéyy

Mine ayyihinna boumou si nioom chaa-a soob nako yadekhoulou dana taabbi walaa kine waayé khoule fouhoume sênouk wouté ine dialaa fêgne na fiizamanil fatehi si diamonoy oubbi ga. Mouné saayo diappo ba nopi, nga daal di khool si kawe touti wakhe achehadou anelaa ilaaha illalaah wahdahou laacharii kallahou wa achehadou annamouhamadane habdouhou warassoulouhou, dêsse nala oubbil bouneti adiana, boula si nékhe nga tabbê si



Chakara sante na rabbahou boromam al ilaaha kay bour ba ahmadou ahmadou walayssa yanehou dêtt mou kay dioubalé azane lor aw kamadou waleu ndiakharé

Chakara sante na rabbahou boromam halal mouchaffahi andak kounou ramouloo ka halayhi yalna nékeu si moom khayrou salawaatil anefahi gueune gui khêwali adji diarigné dia. Mouné sante na yalla nguir dou dieumé si moom diêneu lor waleu ndiakharé, ak si boolé guimou ko boolé si seyidinaa mouhamed salla laahou halayhi wassalam

Ichetaraa dieunde na al baakhii yalla may adji désse minehou si moom ahmadou bamba mabiihane am ndiaay moo khamné maakassada laamboute walayssa yanehouhou té dêtt mou kay dioublou chakhaa oune tékhêdi aw hassadou waleu kiniaane. Mouné sounou borom diéndeu na si moom ndiaay mo khamné lamboul té moom tékhêdi waleu kiniaane dou ko dioublou fêneu

Fasloune lii ab dokk la fiikayfiyyati khadaa imaa si méloy fayy langa khamné faata faat na si ay diouli khalfal imaami si guinaaw ilimaane. Lii ab dokk la boulay lêral naka lani fayê rakkaa yinga khamné nieuw nga fékeu ilimaane rawê lako

Aw djib waralal halal maamoumi si kounou djiité aneyyakhediya mou fayy maa langa

khamné khade faatahou faat nako khalfa imaamine si guinaaw ilimaane dio khamné khouddimaa djiitalêsse nako

Assoubehou soubba wakhetouhaa wakhetoom wa ladal ahebaari fasse fauré ya mine saadikhil fadjeri toukkê na si adji deugouy fadiar ilal isssefaari bassi sêtt ga. Mouné wakhetouw dioulik souba mingui tambalê si diamono bi lêrr gui massê dioguê pênkou, ba fi assamaane si séttê banga khamné kou nêkoon sa wétt danga meuna kham loumou soll noumou mel

Fa ineyafoute ka ndême dana la faat rakehatoune ab rakkaa minehaa si dioulik souba fakhoume diogal bikhayri takebiirine si loudoul wakhe allaahou akebar izane sa boobê wadjiih té nga dikkê bi oummi



Kitaabi rabbika si ndayi têrré sa borom wassouratine akouw saar mahaa dieuhrine andak biral ko walaa takhenoute té boul khounoot izaamaa wakhahaa ndême tabbi na. Mouné dioulik soubba bou fêkê danga nieuw fékeu ilimaane rawê la béneu rakkaa, boo andêk moom rakkaa bissi dêsse bamou seulmal, dangay diok té boul wakhe allaahou akebar té yitam boul khounoot, nga diangueu faatiha ak saar té béral ko

Wa wakhetou zouhri wakhetouw tisbaar mine zawaali chamechi mingui toukkê si diengartikou dianteu bi li aakhiril khaamati bassi moudiouk takhawaay ba douna noukeri walisse wêddi. Wakhetou tisbaar mingui tambalê si bou dianteu bi nêkê si digueu assamaane si ba dokhe touti, di dême ba sa takeu-ndêre tolloo ak sa dieumou

WA ine yafouteka ndême dana la faat rakehatoune ab rakkaa minehaa si dioulik tisbaar fakhoume diogal bi khayri takebiirine si loudoul wakhe allaahou akebar wadjiih té dikkél bi khayri oummi si gueune gui ndaye, mooy faatiha

Wa souratine akouw saar sirrane si yélou wadjelisse té dikkél bahdahaa guinaaw ba wal tatachahhade té taayyal wal toussalime té seulmalal tanefoussi kone danga noyi. Tisbaar bou fêkê danga nieuw fékeu ilimaane ame béneu rakkaa ba nopi, boo andêk moom bamou seulmal dangay daal di diok té doo wakhe allaahou akebar diangueu faatiha ak saar sik yélou, noonou lani fayê rakkaa bi



WA haysoumaa yafouteka foo khamné dana la faat minehaa si tisbaar rakehataani niaari rakkaa fakhoume diogal takhaw wa kabir té nga wakhe allaahou akebar watelou té nga diangueu oummazil hissaani ndayi borom rafête ya, faatiha

Wa souratane akouw saar sirrane si yélou walaa tadjelisse té boul dikkê izane sa boobê bale lifi nékeu djiih dikkél biraa bihatihaa sa rakkaab niêntêl ba li tanefoussaa nguir danga wéye. Bou féké niaari rakkaa lala ilimaane rawê si dioulik tisbaar, boo andêk moom bamou taayyé ba seulmal, diogal té wakhe allaahou akebar diangueu faatiha ak saar sik yélou diouli rakkaa boobou diogaat wakhe allaahou akebar diangaat faatiha ak saar sik yélou ba

rakkaa ba matt nga seulmal



Wa haychoumaa faatat foumou faatê chalaacha rakahaatine niéti rakkaa minehaa si dioulik tisbaar fakhoume diogal bi khayri takebiirine si loudoul wakhe allaahou akebar wa aati té nga dikkê

Faatihatane faatiha wa souratane akouw saar sirrane sik yélou ta oummou té nga dioublou ko wa tadjelisanna té dikkél zaa tachahhoudine ngay boromouk taayyé wa khoume té diogal



Wa djiih té nga dikkê bi rakehatine sib rakkaa bi oummi zikeri si ndayi alkhour-ane wa

souratine akouw saar bilaa diouloussine si loudoul ab taayyé boo khamné yadjerii dana daw

Choumma topou bi rakehatine si ab rakkaa bi oummihii sa ndaye dia, faatiha fakhade dongou taatii danga ko dikkê moussirrane mbir mou mouy adji yélou fal khaadaa fayy ga sakhata rott na haneka walisse la. Boo nieuwê fékeu ilimaane rawê la si dioulik tisbaar niéti rakkaa, boo andêk moom bamou seulmal diogal té boul wakhe allaahou akebar nga diangueu faatiha ak saar sik yélou ba rakkaa boobou matt nga taayyé ndakhe yangui si sa niaarêlou rakkaa té diogaat wakhe allaahou akebar diangueu faatiha ak saar sik yélou ba rakkaa boobou matt nga diogaat wakhe allaahou akebar diangueu faatiha késsé sik yélou ba rakkaa matt nga seulmal. noonou lani fayê niéti rakkaa yila ilimaane rawê si dioulik tisbaar

Wa wakheti hasserinaa wakhetouw sounou taakoussane ine dialaa fêgne na mine tamaamil khaamati toukkê si matouk takhawaay ba al oulaa bou ndieuka ba ilaa wakhetis firaarine bassi wakhetouw guél ga. Foofê wakhetouw tisbaar yame, fala moukhetaaroume taakoussane tambalê mooy diamono bi sa takeu-ndêre tolloo wê ak sa takhawaay, di dême ba bissa takeu-ndêre di matt niaar sa takhawaay

Wal hasserou taakoussane fil khadaa i sik fayy michela zouhri kême tisbaar la harfane aw haraf bi harfane siw haraf hinda koulli hiberi fasse diêpou fauré. Kéme ningay fayê rakkaa yilla ilimaane rawê si wakhetouw tisbaar noonou lanou kay fayê si taakoussane

Wa wakhetoul makheribi wakhetouw timis mine khouroubis chamechi toukkê na si soowouk dianteu ba ilaa makhiibi safakhi bassa faadouk safasse sa al mouhazabi sa di sounou sêlal. Timis moukhetaaram mingui tambalê si bou dianteu bi soowê ba khonkhou-khonkhou yi si assamaane si déme

Fa ineyafoute ka ndême dana la faat rakehatoune ab rakkaa minehaa si moom fa khoume diogal moukabbirane mbir mou ngay wakhe allaahou akebar waadjehar té nga béral bi souratine si aw saar wa oummi



Kitaabi rabbika ak ndayi têréb sa borom al kariimi kay adji têdeu al akerami ka gueuna têdeu tafouze danga tékhé bi adjeri rabbika yoonou sa borom al moukarrimou kay adji téralé. Timis boula si ilimaane rawê béneu rakkaa, bou seulmalê nanga diokk té wakhe allaahou akebar, diangueu faatiha ak saar sik béral

Wa haychoumaa yafouteka foume la faatê minehaa si dioulik timis rakehataani niaari rakkaa fa khoume diogal bi siwaattakebiiri si loudoul kaabar bilaa tawaani si loudoul yékhé



Wal takhera i té diangal al faatihata faatiha al mouhazamah badi bounou magal zarfal houloumi baye ndabi kham kham yi wal mounaa ak mbébétt ma al moukarrami badi

bounou téral

Wa souratane akouw saar bil diahri sik béral wattachahoudi ak taayyé wa djiih té nga dikkê bi mislizaa si kême lii wassalime té seulmalal touhmadi kone dêsse nala sante. Sou féké bingay nieuw fékeu na ilimaane diouli niaari rakkaa, boo andêk moom rakkaa bou moudiou bi bomou seulmal, na nga diokk té boul wakhe allaahou akebar nga diangue faatiha ak saar sik béral took taayyé, diogaat diangue faatiha ak saar sik béral



Ammaal hissahou ndaal guê famakhiibous chafakhi faadouk safasse sa awwalouhaa

mooy ndialbênou moukhetaar ma khadehane si lou dokk halal moutafakhi sa lanou deupoo

Li choulouchi bassa niétêl ba al awwali bou ndieuka minezaakal makhiibi toukkê sa googoulé soo moukhetaarouhaa moukhetaaram ma yakhetaarouhou dana ko taaneu koullou labiibine képou koudi adji khéloul. Wakhetouw guê dana tambali si bou moukhetaaroume timis diêkhé mooy diamono bi khonkhou-khonkhou yooyou démé, bassi niétêlou khaadiou gouddi gui

Fa ineyafoute ka ndême dana la faat rakehatoune ab rakkaa minehaa si guê fa khoume diogal wala toukabbiri té boul kabbar oumma dioubloul oumma zikerillaahi ndayyi tourou yalla, faatiha



Wassouratane akouw saar dieuhrane sik béral wadjelissi té diékil bahdahaa guinaaw ba wal tatachahhade té taayyal wal toussalime té seulmalal takissi kone danga niaw. Bou la ilimaane rawê béneu rakkaa si dioulik guê, sou seulmalê dangay diokk si loudoul wakhe allaahou akebar, nga diangue faatiha ak saar sik béral ba rakkaa ba matt

Wa ineyafoute ka ndême dana la faat rakehatahaa niaari rakkaa si guê fal takhoume diogal moukabbirane mbir mou ngay adji kabbar waadjehar té béralal bi souratine si aw saar ta oummou bo khamné danga ko dioublou

Mine bahdi oummizzikeri si guinaaw ndayyi alkhour-ane wal diouloussou diotaay ba bayna

houmaa diganté sêne nioom niaari rakkaa yooyou minahahou téré nako arra iissou kilifa ga

Likawnihaa nguir ak nêkam chaalichatane di ab niêtêl. Guê kone boula ilimaane djiito niaari rakkaa, ganaaw bimou seulmalê booy diokk dangay wakhe allaahou akebar nga diangue faatiha ak saar sik béral, noonou nga kay défê si niaari rakkaa yépou. Wa haychoumaa yafouteka foume la faatê minehaa si guê bahdamaa khadessallama guinaaw boo khamêné ilimaane seulmal na

Chalaachou rakehaatine niéti rakkaa fakhoume diogal bil oummi si faatiha wa souratine akouw saar waadjehar houmaa té bérallêne nioom niaar zaafahmi ngaye boromouk dégue

Mine khayri takebiirine si loudoul wakhe allaahou akebar khoubaylou si ndieuka ga wakhehoudane diékil wa aati té nga dikkê bahda dialsatine guinaaw ab diotaay tachahhoudaa taayya



Wa bahdou guinaaw ba khoume diogal wa djiih té dikkél birakehatine sib rakkaa bi oummi kitaabinaa si ndayyi sounoub téré wa souratine akouw saar khoume diogal laata oummou boul dioublou

Li dialsatine niêl ab diotaay waadjehar biralal wa bahdou té guinaaw ba khoume diogal wa djii té dikkél birakehatine sib rakkaa bil oummi sa ndaye dia, faatiha sirrane sik yélou takheroudji kone danga guêneu. Bou féké ilimaane rawê nala niéti rakkaa si dioulik guê,

boo daboo andak loom bomou seulmal, dangay diokk té boul wakhe allaahou akebar diangueu faatiha ak saar sik béral ba rakkaa ba matt nga taayyé ndakhe yangui si niaari rakkaa té diogaat diangue faatiha ak saar sik béral ba rakkaa ba matt nga diogaat dianguaat faatiha kêssé sik yélou ba rakkaa ba matt nga seulmal

Wahelame khamal né bi annal foukhahaa a si naka wayy dégueu fikheu ya sawwarouh mélal nane ideraaka rakehatine daboube rakkaa halaamaa sa langa khamné kharrarouh sakhale nane ko

Bi aneyyoumakkiina si mou deugaral al yadayni niaari lokho ya zoukhetidaa boromouk royy mine rouke batayhi si niaari beuti waume

mahaa imaamine andak ilimaane moukhetadaa dioudi diounou royy. Borom kham khami fikheu nenaniou naka ngaye khamênê, binga daboo ilimaane si dioulik gui, rakkaa binga ko fêkeu ndakhe matal nga ko waleu, mooy bimou roukoo wé laata mouy sigui di bayyi niaari lokhom si ay beuti waumam dougoussi nga ba kabar andak moom , sou boobaa rakkaa boobou dooko fayy ndakhe bookou na si dioulik gui



Ammaalazii ndaal kinga khamné lame yadjidi amaloute attamekinaa deugaral lokho ya falayssa mouderikane dêtt mouy adji dabb lahaa niêl rakkaa ba yakhinane sik waulou. Kinga khamné moom dafa dikeu kabbar rék ilimaane sigui sa roukoo ba, kookou moom

rakkaa boobou dakay fayy

Wakhoul wakhal limane niêl kanga khamné aderaka dab na fii tachahhoudi si tayy imaamahou ilimaaname khoume diogal wabetadi té nga tambali waat salaataka sa diouli. Kinga khamné taayyé diou moudiou dji rék la féké si diouli gui, bou ilimaane seulmalê na mélni kouy doora tambalê diouli waayé dou khabarat

Baaboune lii ab bountou la fil ihessaani si rafétal

Ihessaanoukoume rafétal sêne yaa ayyouhas sibyaanou yêne ndaw gni limane niêl kanga

khamné lahou niêl nako al arwaahou rouh ya wal abdaanou ak yaram ya

Anetahboudou mooy bou nguêne diaamoo allaahou yalla ka annakoume naka yêne mahaa mboolé sêne tarawnahou danguêne ko guisse fattabihouh topou lêne maa langa khamné charahaa yoonal nako

Inelame takounouh ndême nêkouléne khadera aytoumouhou diko guisse moom yalla fahwa moom yalla yaraa dana guisse al koulla képou farakhibouhou foukeloulêne ak moom, mooy nanguêne ko bayyi khél. Linga khamné moom lani wakhe ikhessane mouy tassawouf, mooy booy diamou yalla nga mélni yangui diakarloo ak sa borom, ndakhe yaw donté guisso ko ak sayy beutt, khamal né mingui layy guisse té

khamna li nêkeu sa khél ak sa khôl yépou



Inetakhe sidou ndême danguêne dioublou al maraatiiba daradia ya al haaliyata yadi kawé fastakhe milou dieufandiko lêne bihaazihil wassiita si bilé dênkeu. Ndênkaan lii malêne dênkeu képou koo khamné beugue na daradia you kawé nakay dieufandiko

Halaykoumou dênkeu naalêne bil hilmi si kham kham wal hayaa i ak kêrsa wa choukeri ak sante wal ikhelaassi ak sêlal wassakhaa i ak tabbé. Dênkeu naalêne nguêne sakkou kham kham boo khamné dana yéwénal sêni farata, ak kêrsa té mooy lépou loo khamné sa borom téré nala ko boul ko déf ak lépou lounou la digal nga diko déf té boul si khool kéneu, ak sante té mooy lépou loula sa borom déf nga

sante si té bouko diaaralê si mbidêf yitam nga sante mbindéf ma, ak di sêlal té mooy lingay déf na yallay kêssé takhe, ak tabbé té mooy yéwêne si linga amé

Wassoumeti ak nopi wal hilmi ak léwêtt ladaat tahaloumi fasse khamlou ga wa saberi ak mougne wal warahi ak samou wa tafahhoumi ak deugueu deugueu lou ga. Foo toolou boo wakhatoul wakhe diou ame ndiarigne nanga nopi, ak léwêtt té mooy kila toogne nga meuna fayyou, nga diêgueul ko té yalla takhe, ak ngay mougne, ak sammou té mooy sa thieur yi nga sammontêk lila si sa borom digal, ak lingay diangue nga diême ko dégueu dégueu lou nguir mooy takhe nga meune ko dieufé

Wadjetahidouh té farlou lêne fii taahatir

rahmaani sopou yalla mayy adji yeuramé hayechou takounouna fou nguêne fi meuna nêkeu bilaa houdewaani si loudoul noonoo. Fêpou founguêne meuna nêkeu nanguêne farlou té boulêne di noonoo si sêne biir yêne dioulit gni

Laa tikechirou boul baril al kalaama wakhe wa roukhaadaa ak yandoor waadje tanibouh têtt lêne maa lépou loo khamné youdjibou dafay waral al fassaadaa ak yakheu. Boulêne déff founguêne toollou di wakhe, ndakhe wakhe sou barê mane nga dême wakhe loo waroula wakhe, boulêne baril ay nêkaw yitam ndakhe nêlaw sou barê lila warr lépou si adouna dooko mattalé

Waadjetanibouh têtt lêne minehayechou kounetoumou fou nguêne nêkeu arriyaa nguistal wal kibera ak reuy wal hikheda ak sokhor wataalibouh té sakkou lêne addiyaa lêrr ga

Halaykoume dênkeu naalêne bissidekhi si deugall wattawakoulli ak wakiirlou wabittawaa douhi ak torokhelou wa khasseril amali ak gaatal mbébétt. Mangui léni dênkeu nguêne moytou nguistal té mooy dieuf loo khamné yalla kêssé takhoul, ak reuy té mooy khêb nitt gni yeukati sa bopou, ak sokhor, té nguêne di sakkou ay lêrr fou nguêne tollou té mooy sêllal sa khôl bi. Dilêne dênkaat nguêne deugall té mooy lépou looy wakhe waleu looy déf nga dissi bayyi khél sa borom, ak wakiirlou si

moom sa borom, té di torokhelou foo toolou, ak di gaatal say mbêbétt té mooy doylou

Halaykoume dênkeu naalêne bi kacheratil aadaabi si bariy têguiine fa innahaa naka ay têguiine diaalibatou chawaabi mooy adji bidji yool ba. Dênkeu naalêne nguêne bari ay têguiine fou nguêne tollou, ndakhe



Fa kacheratoul hilmi barik kham kham bi khayeri adabi si loudoul ay têguiine diaalibatoune adji bidji la, adji nioddi la ilaal azaa dieum si lorr wattahabi ak thioono. Kham kham bou barri té borom andoulak ay têguiine, dou déf loudoul nioodi borom dieumé si thioono ak lorr kêssé

Ya ayyouhaa sibyaanou yêne ndaw gni laa toudiaalissouh boulêne diêkki haalêk

chakhessane dieumou safiihane dioudi adji déssé fa diaalissou diêkki haalêk lêne arrachida adji dioub. Yêne gniddi ay khaléll daal boulêne di toogak kou déssé, wayé dêlêne took ak gni dioub

Innarrachiida naka adji dioub mane mooy kanga khamné youkheridiou dana guêneu al dialiissa adji toogaalé dia mi khamessine toukkê si diourom li khamessine dieumé ko si diourom hayechou yakheroudiou foume fi bakaaroo. Mouné ki matoume khél mooy kanga khamné boo tooguêk moom dana la guénné si diourom dieumé la si diourom

Youkheridiou dana guénné al mouraafikhaa adji andanté dia minnarriyaa i toukkê si nguistal likhayeri ikhelaassine dieumé ko si ngueune gui sêlal walane younaafikhaa ba dou naafêkhe. Mouné kou méll noonou dana guénné adji andanté dia si ngistal dieumé ko si sêlal ba dou nêkeu ab naafêkhe

Wa youkheridiou dana guénné arrafiikha andandoo ba mine takabbouri toukkê sik reuy reuylou ilaa tawadouhine dieumé ko sik torokhelou walittassabbouri ak dieumé ko si mougne mougne lou

Wa youkheridia dana guénné assaahiba anandoo ba mine hadaawah toukkê sik noonoo ilaa nassihatine dieumé ko sik laabiré bilaa chakhaawati si loudoul tékhêdi. Andeu guingay

andeu ak moom, danala la guénné sik noonoo ak sa mbokoum dioulit té danala dougal si labiirantêk mboolême dioulit yi

Wa youkheridiou danala guénné al aniissa adji wêttalê dia mine chakine toukkê si siki sakeu ilaa khayri yakhiinine dieum si ngueune gui waulou khade yaziidouhou goo khamné dana ko doolli houlane ay kawé. Soode andak kou baakhe kou matt danala guénné si siki sakeu sa digantêk sa borom ak sa diiné ba nga ame yakhiine goo khamné sa khôl dafay sêtt



Wa youkheridiou dana guénné al mouriida taaloubé ba mine houbbilazii toukkê si sopou langa khamné yaderrouhou dakay lorr li naafihine dieumé ko si adji diarigne fil mahekhazi sa diapou kaay ba. Andandoo ba

dana guénné taaloubé ba si beugue loukay lorr dieumé ko si diapou adji diarigné dia

Waakhetanimouh mangue lêne khamessane diourom khabelal khamessi ndieuka diourom kamaa amara naka la digalé bihii si moom khayeroul inessi nguene gui nitt, mouy yonênteu bi halay salaatou wassalaam



Halayhi yalna nékeu si moom afdala salaati ngueune gui ak waulou bissalaamine andakouk waulou fii aalihii andak nioniam ya wa sahbihi andak sahabaam ya al hourri nia di ay sangueu al kiraam niadi wayy têdeu

Awwalouhaa bassa ndieuka achabaabou mooy wakhawambaané khabelal harami ndieuka ak magatt wa michelouhou am kémame assiihatou ak wér khabela sakhami ndieuka

raagueu



Chaalichouhaa niêtêl ba alkhonaa ou ame koom khabelal fakheri ndieuka niaakeu choummal faraakhou topou ak fêkhe, ame diott khabla choukheline ndieuka ay sokhela yoo khamné yasserii dafay teudié

Khaamissouhaa adji diouromêl sêne al hayaatou doundou khabelal mawti ndieuka faatou fassaarihouh gaaw lêne lil khayeri dieum sa yiiw wa khabelal faweti ndieuka faatt ga. Diourom yii niou lime yépou, loossi toolou, gaawal déf linga khamné moola warr ndieuka lanêne di nieuw



Inetahaa yame na hounaa fii tazawoudou

chikhaari yoobalouk ndaw gni bihamedi rabbii andak di sante sama borom al maanihis sihaari kayy adji téré adji gaathié, kaye adji fékk gaathié

Nazametouhou weuy naako liwadjehi rabbiya nguir dieumi sama borom al kariimou kayy adji têdeu mourtadjiyane mbir mou mayy adji yaakaar minehou si moom chawaabane ab yool laa yariimou dou dokk. Mouné damaa weuy téré bii nguir dieumi sama borom, di yaakaar si moom ab yool boo khamné dou dokk ba moukkou

Nazemane moudi aw weuy yakhoudou dana woomatt lil houloumi dieumé si kham khami l'islam yi wal hamali ak dieufé walitta addoubi ak dieumé si têguiinou youyassirou té

diapandal yitam al amala mbêbétt ma. Weuy la woo khamné mangui niaan yalla képou koussi tambalê, mou woomatt la dieumé si kham kham ak dieufé langa kham ak têguiinou

Ourdiouzatane mbir mou mouy ni aw radiasse naafihatane woudi adji diarigne moubaaraka woudi wounou barkêl mouchaaraka woudi woune bookaalé, wounou boolé bayenazawi sahaadatine diganté borom tékhé yi. Weuy wi khêtou radiasse la wou ame ndiarigne té barkêl woo khamné mboolême gni tékhé nioko bokkou

Wallaahou yalla rabbiya kaye sama borom

bidiaahil mounetakhaa si daradiay kounou taaneu ka sallaa yalna dooli khêwal halayhi si moom bissalaamine andakouk seulmal yountakhaa boo khamné dêsse nako taaneu

Khabila nangou na zaane nizaami bilé weuy naafihane mbir mou mouy adji diarigne bihii si moom koulla sahiidine diêpou adji tékhé naassihine koudi adji laabiré mounetabihii koudi adji yéwou. Mouné sounou borom, si daradiay kounou taaneu ka, sila nangoo sama weuy wii té képou kou nara tékhé dana la si diarigne

Fala yazaalou yalla boumou dagne moom weuy wi diaalibane di adji bidji ilaa bourourine dieume si ak topou wa daafihane té mouy adji diagne koulla chakhaa ine diêpou tékhêdi wa hourouroune akouk worr. Weuy wii daal boumou dagne di nioodi nitt gni dilêne dieumé si ak topou yalla té lépou louy tékhêdi ak worouk adouna mou fégal lêne ko

Azina digal na lii niêl ma fii nazemihi siw weuyame allaahou yalla asaamadou kay kilifa ga walaa yadiourrou té dou diri, dou nioodi lii niêl ma dawaa hiyakamade weuy wou waral ndiakharé. Mouné sounou borom mooma digal weuy wii té déf na dara louy waral ndiakharé douma ko si guisse

Nazametouhou weuy naako liwadje hihi nguir dieumame dia al kariimou diadi adji têdeu wassilahii té sama sila, sama marchandise ichetaraa dieunde na ko mahaattakeriimi andak téral ga.

Al hamedou mboolême khêti thiante yi lillaahi adji sakhe la niêl yalla wassallaa yalna dooli khêwal sarmadane fawou halaa chafiihi si adji ramou dia ziil mazaayaa kay borom ngueunêl ya ahmada ahmade

Wa aalihii ak nioniam wassahbihii aki sahaabaam wa yahmadou té dana sante maalikahou adji moomame al habdou diaam ba al khadiimou badi adji liguêy ahmadou touram ahmadou

Soubehaana rabika toudounaa sêlouk sa borom rabil hizati kay borom têdeu nga dia hammaa walisse langa khamné yassifouna danako mélal yalla wasalaamoune ak mouthiou halal moursaliina yalna nékeu sa niounou yooni nia wal hamedou ak thiante lillaahi niêl na yalla rabil haalamiine kaye borom mbindéf yi


تعليم ومن فوائد هذه النظم أن ناظمه نظمه بإذن
من الله تبارك وتعالى ومن رسوله عليه الصلاة والسلام
ومن فضائله أنه بشر بعد تمامه أنه أحب إلى
الله تبارك وتعالى وإلى رسوله عليه بآله وصحبه
الصلاة والسلام من جميع أمثاله ومما بشر
به ناظمه أن كل من قرأه أو حفظه سعد سعادة
لا شقاوة بعدها ومن خواصه أن حافظه
لا يسأله في قبره منكر ونكير ونكير ونكير
والله يختص برحمته من يشاء والله ذو الفضل العظيم
تم بيد المرتبد عبد الأحد كموني مدير - ١٤ - ٣ - ١٤٢٣هـ

Taheliimoune lii ak khamlé la wamine fawaa idihaazaan nazemi bokou na si ndiarigni wilé weuy annanaa ziimahou naka adji weuyame nazemahou weuy nako bi izenine si ndigal minal laahi lou toukkê si yalla tabaaraka barkêl na watahaalaa ak kawé na wamine rassoulihii ak toukkê sa yonêntam ba halayhi yalna nékeu si nioom assalaatou khêwal wassalaamou ak diamou

Wamine fadaa ilihii bokkou na si ay ngueunêlam annahou naka moom adji weuy dji bouchira bêgalêsse nako bahda tamaamihii guinaaw ak matame annahou naka weuy wi ahabbou mou gueuna sopou ilaalaahi dieum si yalla tabaaraka barkêl na wa tahaalaa té kawé na wa ilaa rassoulihii ak dieum si yonêntam ba halayhi yalna nékeu si moom bi aalihii andak nioniam wa sahbihii aki sahaabaam assalaatou khêwal wassalaamou ak mouthiou mine diamiihi amechaalihii si mboolême ay

kémame

Wa mimmaa bokkou na sa langa khamné bouchira bêgalêsse bihii si moom naazimouhou adji weuyame annakoullamane naka képou koo khamné kharaa ahou diangueu nako aw haafizouhou waleu mou mokal ko sahida tékhé na sahaadatane ak tékhé laa chakhaawata dêtt ak tékhêdi bahdahaa di nêkeu si guinaaw ba

Wa mine khawaa sihii bokkou na si ay diagoom annahaafizouhou naka adji mokalame laa yas alouhou douko laadje fii khaberihii si baamêlame mounekaroune mounekiir wa nakiiroune ak nakkiir wa khayerou ak kénêne wa khayerou ak kénêne wa khayerou ak kénêne wallaahou yalla yakhetassou dana diaklêl birahmatihii si yeurmandême mane yachaa ou kouko soob wallaahou yalla zoul fadeli mooy borom ngueunêl la al haziimou badi adji maagueu.



IMPRIMERIE EDITION DAARAY BOROM TOUBA
TEL: 76 131 77 69 / 70 767 07 99 / 77 412 46 25
05 - 02 - 2016